

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Jaminambar I

R. Ng. Yasadipura |

ktorat  
aan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan



## **MENAK JAMINAMBAR I**

TANGGAL	N. INDEX
18 NOV 1984	1328

# MENAK JAMINAMBAR I

Oleh  
**R. Ng. YASADIPURA I**

**Alih Aksara**  
**Drs. SUDIBJO Z.H.**

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
**PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA**  
**INDONESIA DAN DAERAH**  
**Jakarta 1982**

**Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka  
BP No. 1478  
Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuananya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISINIPUN

1.	Candhakipun Umarmaya manggihi Prabu Sadarsalam . . . . .	11
2.	Prabu Sadarsalam dhawuh mepak bala . . . . .	18
3.	Wong Agung ngulurug dhateng Jaminambar . . . . .	22
4.	Patih Baktiyar kaliyan Unukmardawan wewadul dhateng Prabu Robbussamawati . . . . .	30
5.	Untabipun prajurit Jaminambar kaliyan prajurit Kuparman . . . . .	37
6.	Wong Agung nonjok serat penantang . . . . .	43
7.	Prajurit Jaminambar sagah nyirnakakan prajurit Kuparman . . . . .	51
8.	Prabu Robbussamawati mriksani dhatengipun prajurit Kuparman . . . . .	61
9.	Prajurit Jaminambar tetumpesan . . . . .	69
10.	Prabu Lamdahur unggul yudanipun . . . . .	76
11.	Prajuritipun Lamdahur unggul yudanipun . . . . .	83
12.	Balanipun Raja Bawadi campuh lawan balanipun Raja Bragedun . . . . .	94
13.	Raja Bawadi kapupuh ing prang . . . . .	98
14.	Prabu Robbussamawati gumun kathahing bala Kuparman . . . . .	103
15.	Prabu Kewusnendar ngedali prang . . . . .	110
16.	Prajuritipun Wong Agung ingkang kantun sami nusul . . . . .	114
17.	Sultan Jayusman nusul dateng paprangan . . . . .	124

## **KATA PENDAHULUAN**

Seri cerita menak terdiri tidak kurang dari 46 jilid, mulai Menak Sarehas, Menak Lare, Menak Serandil, Menak Sulub, Menak Ngajrak, Menak Demis, Menak Kaos, Menak Kuristam, Menak Biraji, Menak Kanin, Menak Gandrung, Menak Kanjun, Menak Kandhabumi, Menak Kuwari, Menak Cina, Menak Malebari, Menak Purwakandha, Menak Kustup, Menak Kodrat, Menak Sorangan, Menak Jamintoran, Menak Jaminambar, Menak Talsamat hingga Menak Lakat.

Sumber cerita berasal dari Arab, mengutarakan tentang berbagai kisah penyebaran agama Islam yang terjadi sekitar negeri Arab, pada masa-masa permulaannya.

Seri serat menak sebelumnya diterbitkan oleh Balai Pustaka dalam bahasa Jawa berbentuk tembang dengan tulisan huruf Jawa. Digubah oleh almarhum R. Ng. Yasadipura I.

Atas kerja sama yang baik dengan PN Balai Pustaka kini dapat disajikan cerita-cerita menak dalam bahasa Indonesia dengan tulisan huruf Latin.

Jakarta, Juli 1982

Penyunting

## **1. Candhakipun Umarmaya Manggihi Prabu Sadarsalam.**

### **DHANDHANGGULA**

1. Sami-sami agami Ibrahim  
ageng lan alit pantesa seba  
manggihi Gusti tegese  
nadyan sami wus anut  
ing Jeng Nabi Duta Ibrahim  
jer kantun ingkang tedhak  
Wong Agung puniku  
trah Ibrahim lair Mekah  
akekutha Kuparman prawireng jurit  
pentesing Jamintoran.
2. Aseba aneng teba manggihi  
nanging kawula sandeya kakang  
dereng yekti pawartine  
dene ping kalihipun  
ingkang putra wonten ing ngriki  
dereng atur uninga  
atadhah bebendu  
inggih dereng manggih dhangan  
saking teterangan pandandanana budi  
ing mangke kathukulan.
3. Praptinipun kakang adipati  
inggih kawula tadhah deduka  
Ki Umarmaya ature  
sampun susah sang prabu  
aprakawis kawula prapti  
dene raka paduka  
inggih kang angutus  
maringa ing Jamintoran  
tan maketen pan amung kincn ngulati  
dhateng putra paduka.

4. Ing tekiyar kawula pribadi  
angosak-asik ujum pretapan  
ing wukir pandhita akeh  
punika kang atuduh  
yen ki putra wonten ing ngriki  
dene Sang Raja Salsal  
lan Gulangge sampun  
pratela kilentalatah  
sampun wonten ingkang agami Ibrahim  
ratu geng binathara
5. Jamintoran prabu nyakrawati  
Sadarsalam ratu binathara  
ler kilen tanah prajane  
ingkang sabrangan laut  
ing dharatanipun sawarsi  
Wong Agung duk miyarsa  
sukur sukeng kalbu  
tan kadi grahita tuwan  
dadya suka tyasnya prabu nyakrawati  
bathara Jamintoran.
6. Lajeng luwaran denya tinangkil  
Umarmaya binekta mring pura  
langkung saking geng kurmate  
sasat amiyan guru  
sung nugraha sang adipati  
kasmaran jro wardaya  
gupuhira prabu  
saennga kadang lan bapa  
ing anggepe ya dhahar sare tinunggil  
Dipati Tasikwaja.
7. Pan ginanti nggenira aguling  
aneng kang putra Pangeran Kelan  
nunten jro pura enggone  
ing saben ari manggung

pakumpulan agung bupati  
ndrawira saha bala  
suka-suka nutug  
mangkana sawiji dina  
Umarmaya nuju pinanggih pribadi  
lan Prabu Jamintoran.

8. Neng panepen matur ki dipati  
sampun lami ing lampah kawula  
yekti pangajeng-ajenge  
raka paduka prabu  
kula jarwa tuwan pribadi  
menggah raka paduka  
kadi lajeng nglurug  
dhateng nagri Jaminambar  
dene menggah panuwune putraneki  
kadi sampun ing aprang.
9. Yen selamet kadi wruh ing margi  
yen tan dhatenga sayekti sirna  
ing Jaminambar dhatenge  
sang nata duk angrungu  
lah puniku kakang dipati  
wonten maras kawula  
kalamun Wong Agung  
ngalurug ing Jaminambar  
ratu agung nagri wawatesing langit  
kilen nungkul sadaya.
10. Marang Ratu Robbussamawati  
kang angaku Sang Hyang Amisesa  
datan wonten ratu maleh  
kang ageng mung puniku  
nagri kilen watesing langit  
mung ratu Jaminambar  
kang dheweking agung  
prakosa sugih prang kemat

Umarmaya umatur kadi tan keni  
upami ingandhega.

11. Yekti raka paduka ing benjing  
wungu dukane yen tumingala  
Saesalam jejenggote  
aneh lan para ratu  
kang sinulam retta anggit  
sotya jemerut mirah  
mutyara lan yakut  
angling Raja Jamintoran  
saking pundi mulata jejenggotneki  
ing Prabu Jaminambar.
12. Kajawi benjing tempuhing jurit  
Ki Dipati Tasikwaja turnya  
heh sang nata sampun age  
wit ning sang rajasunu  
putra tuwan 'ta boten keni  
amirsa mungsuh awrat  
pan lajeng puniku  
kabapan ambeg mring mengsa  
sajatine sang nata kula mariki  
saking ing Jaminambar.
13. Jejenggote kang kula malingi  
lah puniki winedalken sigra  
saking ing jro kekasange  
Marmaya gya rinangkul  
aib temen panggawe iki  
kakang aja ta walang  
driya nora tutur  
manira maring ki putra  
sun kawruhi tetekone anakmami  
jer ratu Jaminambar.
14. Taha-tinaha lawan ing ngriki

anglurugi tan wani maringwang  
miyah tan amrih nungkule  
iya ngong mangkaneku  
nora wani yen anglurugi  
dadi taha-tinaha  
iku lawaningsun  
padha tekad sowang-sowang  
dene mangka Wong Agung Serayengbumi  
kang duwe pegaweyan.

15. Ingkang wajib angradin ing jurit  
wus akanthi iya Raja Salsal  
lawan Narpati Gulangge  
pan iku ratu agung  
ing brang kilen timbangan mami  
katri ing Jaminambar  
ing mangke wus ungsu  
prapta Wong Agung bang wetan  
raja Arab sayekti arsa mungkasi  
denya ngrata agama.
16. Leluhure agama Ibrahim  
wajib iki ingsun mbelanana  
ing papa miyah harjane  
matur Umarmayeku  
yen mekoten sri narapati  
kula enjing amangkat  
rembag sabiyantu  
ing lair batin wus nunggal  
kuneng dalu ya ta kawuwusa enjing  
Dipati Tasikwaja.
17. Mring enggone putranireki  
Pangeran Kelan ki adipatya  
Tasikwaja andikane  
kulup umangkat ingsun  
barang rembug iku wus dadi

dene paningkahira  
panjalukireku  
tekane wong tuwanira  
iku ingong ingkang saguh angaturi  
praptane Jamintoran.

18. Ramanira nora wande prapti  
nanging ta lawas kalawan enggal  
luwih karsane Hyang mangke  
dene sapungkuringsun  
aja sira murang ing kapti  
karsane ramanira  
ing kene sang prabu  
mangsa ta angarah apa  
iya uwis prasasat ramanireki  
Wong Agung Kakungingrat.
19. Sakarsane lah turuteng gusti  
dene ngabekti marang ing wong tuwa  
begja wus agama kene  
kalawan ratu agung  
sri bathara anyakrawati  
Sang Prabu Jamintoran  
ambegira alus  
raharja tur satya budya  
yekti wajib tinurut sakarsaneki  
kang putra tur sendika.
20. Tan winuwus reroncening pikir  
pan cinindhak wau lampahira  
Dipati Marmaya mangke  
wus pamit ing Sang Prabu  
miwah marang putranireki  
mesat saking nagara  
Jamintoran dulu  
lampahe Ki Tasikwaja  
prapteng jawi kitha sarwi nampel wentis

lir kilat pesatira.

21. Sadhepa denya tan ngambah siti  
sapemanah dadi sajangkahan  
dangu sangsaya rikate  
rong pemanah pan antuk  
sajangkahan lumpatireki  
wus angidak ing wana  
ing sawulanipun  
linampahan kalih dina  
luwihipun Ki Dipati Guritwesi  
tambuh inglampahira.

## 2. Prabu Sadarsalam dhawuh mepak bala

### GAMBUH

1. Kuneng ta kang lumaku  
sira dipati ing Silaulun  
kang ing wuri wau gantya kang winarni  
lir tinebak ing mong luput  
ing Jamintoran sang katong.
2. Kya Patih Jahansirun  
kang ingandikan marang sang prabu  
miwah sira Pangeran Kelan kang prapti  
neng ngarsane rama prabu  
gunem sajroning kadhaton.
3. Angandika sang prabu  
marang Kyana Patih Jahansirun  
angeriga heh apatih pra dipati  
mancapraja para ratu  
kabeh wong tetampingingong.
4. Sakapraboning pupuh  
karana ta mangsane Wong Agung  
ing Kuparman ngersakaken ngrata bumi  
bok ana parentahipun  
maringsun sok wis sesaos.
5. Nadyan tan ana iku  
parintahira wajib angantu  
wit ning padha iya Agama Ibrahim  
ngawakana dhewe patut  
anglabuhi prange popor.
6. Lawan ing kalihipun  
kang putra aneng nagaraningsun  
yen menenga bae tanpa ngrasa mami  
heh patih mengkono ingsun

paran rembugira kono.

7. Dene ta putraningsun  
ki putra Kelan ingkang atunggu  
Jamintoran ingsun nora angawruhi  
pracaya marang sutengsun  
lan patih sira kang among.
8. Dene ta lamun kuntung  
para ratu rong duman kang milu  
kang saduman iku tunggu putramami  
Kyana patih Jahansirun  
matur leres karsa katong.
9. Ngundhangi para ratu  
miwah satriya punggawa agung  
ingundhangan asaos kaprabon jurit  
sapakartine wong nglurug  
wus pacak barising katong
10. Ubekan saprajagung  
elur tan kendel wadya lumebu  
ingkang saking pasisir mancanagari  
sadina-dina gumuruh  
siyaga prang para katong.
11. Kuneng malih winuwus  
ki adipati ingkang winuwus  
sampun ndungkap ing enggone punang kaki  
Tanah Jaminingrat sampun  
Marmaya lampahira lon.
12. Amor talatahipun  
lan tanah Rokam asrep tyasipun  
kendel aring ing muwara nggening beji  
ngayem-ayem salireku  
ing dalu arsa anyeret
13. Wusnya asalat gupuh

sang adipati anebah pupu  
nampel wentis pesatira kadi thathit  
angantep denira mamprung  
sadalu enjing wus anjog.

14. Praptane nagaresuk  
nuju tinangkil sira Wong Agung  
aglar sagung para nata ngarsa Amir  
Salsal Gulangge Lamdahur  
Wong Parangteja tan adoh
15. Kewusnendar Tamtanus  
Tasangsulngalam Maliyat Kustur  
Barikabar Johanfirman Banuarli  
Kalbujer lawan Dukyanyu  
Marmadi sakadang katong.
16. Yusup Adi neng ngayun  
Sarkab Sarsaban Iskal Iskalun  
Kemar Kadarisman Sri Darundiyeiki  
supenuh pra ratu-ratu  
Wong Agung ngandika alon.
17. Yayi Parangtejeku  
pira lawase ing kesahipun  
kakangira kang Dipati Guritwesi  
Arya Maktal nembah matur  
pan sampun tigang pancorong.
18. Wus matur noleh pungkur  
marang Gulangge nembungi wuwus  
sampun leres ing petang angger pan sami  
ya ta ngandika Wong Agung  
yen kongsia leh semono.
19. Yekti doh tebanipun  
kaya yen antuk lakon sataun  
yen lakune si kakang Tasikwajeki

baya ta durung katemu  
kang putra ilange adoh.

20. Nenggak waspa Wong Agung  
sagung tumingal sami tumungkul  
tan antara kethap-kethap pan kaeksi  
prapta manjing ngalun-alun  
lampahe maksih mencolot.
21. Wus manjing terub agung  
nguluki salam jinawab gupuh  
gapyuk samya aras-ingaras janggeki  
wus lenggah Umarmayeku  
kemrubit kang para katong.
22. Gugup pandanganipun  
kaya ta paran lakunireku  
sigra matur Adipati Guritwesi  
inggih kepanggih pukulun  
putra paduka sang anom.

### **3. Wong Agung nglurug dhateng Jaminambar**

#### **SINOM**

- 1. Wonten nagri Jamintoran**  
tebihe saking ing ngriki  
lelayaran tigang wulan  
dharathanipun sawarsi  
ratu geng nyakrawati  
ngawulakken para ratu  
prakosa sugih bala  
sampun agama Ibrahim  
Sadarsalam binathara Jamintoran.
- 2. Ratu ambek santa budya**  
para marta sih ing dasih  
sri bupati Jamintoran  
bagus pideksa respati  
yen tinom ulat liring  
rayi paduka pukulun  
**Wong Agung Parangteja**  
bebaon wadana sami  
kaot kedhik ageng nateng Jamintoran.
- 3. Kang rayi jalu satunggal**  
mirit ratu ing Yunani  
nama Raden Sadarkola  
pekit prawira ngajurit  
dening namaning patih  
sira Patih Jahansirun  
pleg Nata Darundiya  
kaote anteng ki patih  
**Jahansirun prawira mantep jatmika.**
- 4. Puniku kang dadi pikat**  
bisane anyuwitani  
marang ki putra ing Kelan

kacandhak saaturneki  
dene purwane nguni  
ing ngrika kepanggihipun  
inggih ing Jamingrat  
apan tumut Ngrokam ngriki  
wonten tabet keramat Sultan Iskandar.

5. Beji kalawan munara  
ping tiga sare ing margi  
saben-saben pelerenan  
sedina ping tiga manggih  
munara sarta beji  
caritanipun rumuhun  
kala Sultan Iskandar  
anglurugi larang warih  
milanipun amedalaken keramat.
6. Munara beji wiwitan  
punika sitine putih  
sadaya sitine abang  
mung satunggil siti putih  
pangruwat barang sakit  
puniku Taman Si Dhukun  
putri ing Jamintoran  
Retna Julusul Asikin  
kang suwarna kadi gambar saking swarga.
7. Punika gerah tetamba  
siram taman siti putih  
sapangat Sultan Iskandar  
waluyane raja putri  
mbekta wong pitung kethi  
tindhiih Patih Jahansirun  
lan Arya Sadarkola  
kang nganter sang rajaputri  
pacak baris prajurite Jamintoran.
8. Nuli kaki putra Kelan

ambujung menjangan wilis  
tinut kalantur kesasar  
ing barise rajaputri  
sirna menjangan wilis  
adrojog ing baris agung  
ki putra meh karampas  
lajeng amurweng ngajurit  
aprang rame kasoran wong Jamintoran.

9. Dene petake ki putra  
sesumbare ing ngajurit  
miyarsa wong Jamintoran  
Sadarkola lan ki patih  
mara barundhul kalih  
asrah pati batinipun  
luntur tyase ki putra  
pinanggih pakuwon nenggih  
alenggahan lawan putri Jamintoran.
10. Nunten matur ing ki putra  
Retna Julusul Asikin  
Wong Agung anila krama  
inggih sampun age runtik  
tan wonten kang udani  
lamun paduka Wong Agung  
dosane wadyaningwang  
kawula ananggalangi  
pan sumangga ing kukume narpa putra.
11. Wau kalane tumingal  
mring Ni Julusul Asikin  
kagyat anyana kang garwa  
Kadarwati aneng beji  
dangu-dangu katawis  
ragi sepuh garwanipun  
upama kinaceka  
umur kadi tigang warsi

**pacacahe ing warna ebleg sadaya.**

12. **Lawan dedege watara**  
destun kacek telung nyari  
andhap putri Jamintoran  
Ki Umar Maya anolih  
marang Raja Kubarsi  
lah iya Maliyat Kustur  
kembar lan kadangira  
yen matiya salah siji  
sira marem mulat putri Jamintoran.
13. **Yayi mas ing Parangteja**  
sira kang niyaya iki  
atmajane duk pasihan  
teka denpisah saiki  
ya dumeh anglurugi  
Gaji Mandalika Kustur  
dene nora pira  
larangan nggawa pawestri  
milanipun kapejeng kangen kang garwa.
14. **Kantaka ngenggon ki putra**  
sigra Julusul Asikin  
parentah marang ki patya  
ginulung rahaden mantri  
nginggahaken palwa glis  
tan kari sakudanipun  
prajurit Jamintoran  
bedhol numpak ing jaladri  
dhaut jangkar kang palwa ababar layar.
15. **Ki putra lajeng binekta**  
sapraptanira ki mantri  
ing nagari Jamintoran  
kinarya tumbaling jurit  
sang nata langkung asih

ingangkat putra pembayun  
arsa pinanggihena  
lan Dyah Julusul Asikin  
pamopone ki putra wonten tinedha.

16. Inggih praptane kang rama  
Wong Agung Surayengbumi  
ing nagari Jamintoran  
lan kang garwa Kadarwati  
manira kang nanggupi  
ki putra panjalukipun  
jinengana ing rama  
pan ing Kaelan sang putri  
lah puniku alure purwa wasana.
17. Ngungun kang samya miyarsa  
wus panguncanging Hyang Widdhi  
milane kala amirsa  
mangsuli ika ta mangsit  
Wong Agung sigra nolih  
marang Gulangge wotsantun  
inggih ing bumi Rokam  
ing Jaminingrat wanadri  
taman tabet keramat Sultan Iskandar.
18. Wong Agung alon ngandika  
kaki putra Parangakik  
becike sira ngujunga  
ing labet leluhurneki  
kang putra awotsari  
Umarmaya malih matur  
sarwi medalken ingkang  
jenggot Robbussamawati  
saking kasang panjangipun limang asta.
19. Inganggit lawan mutyara  
jumerut nila widuri  
mirah inten pira-pira

markut markap kang sinuji  
cingak ingkang ningali  
sagung para ratu-ratu  
Wong Agung angandika  
apa duwe jenggot iki  
matur alon sang Dipati Tasikwaja.

20. Sang nata ing Jaminambar  
ingkang angaku Hyang Widdhi  
Saesalam kang peparab  
raja Robbussamawati  
pangeran pitung langit  
wal arli pangeranipun  
pitung bumi punika  
nora kapalang ing kapti  
Saesalam denya angaku Hyang Suksma.
21. Akarya langit kasapta  
sawarga naraka kardi  
widadari malaekat  
rosane kepati-pati  
wau duk amiyarsi  
jajanira latu-latu  
wadana dadi wangwa  
Wong Agung Surayengbumi  
asupata sinesekken para nata.
22. Heh sakehe para nata  
padha seksenana mami  
nora ge kepanggih ingwang  
iya lawan putra mami  
ki putra Kaelani  
lamun ingsun durung nggempur  
ratu dubilah setan  
kang ngaku Hyang Maha Suci  
lamun tiwas matiya neng Jaminambar.
23. Heh yayi Gulangge mara

nuduha wadyanireki  
pangirid panuduh marga  
mring Jaminambar nagri  
undhangna Umarmadi  
ingsun budhal mbesuk esuk  
nggitik mring Jaminambar  
manawa salamet urip  
iku weruh ing nagara Jamintoran.

24. Lami neng nagari Rokam  
anyandhang lara geng kingkin  
icale Pangeran Kelan  
samun amamring asepi  
kekayon sanagari  
sami putih semunipun  
nyenyet samangke waras  
kantenan nggene dyan mantri  
malah duka Wong Agung kala miyarsa.
25. Dene Ratu Jaminambar  
teka angaku Hyang Widdhi  
jenggote wis kemalingan  
mring Dipati Guritwesi  
linalekaken mbenjing  
neng sukune Askardiyu  
yen ugi tempuh ing prang  
mangkana Rokam nagari  
kadi guntur swarane gumrah wurahan.
26. Dene kang sami siyaga  
sakapraboning ajurit  
baranang gumrah sumringah  
sabarang sumene abrit  
kagawa bigar ati  
mangkana kang para ratu  
samekta saha bala  
Gulangge prajuritneki

pitung yuta patang kethi kang pangarsa.

27. Balane rong puluh yuta  
punika ingkang kinerig  
binekta mring Jaminambar  
kejawi wadya para ji  
dhomas ingkang pangarsi  
wadanane para ratu  
ratu pamburi kathah  
kang tinuding ngirid baris  
ambarepi anuntun gegaman Arab.
28. Sekawan ratu prakosa  
anyayuta wadyaneki  
Ngredadi Raja Suberlam  
Raja Gegawamentari  
Raja Drekuma nenggih  
ing Buntara ratu agung  
lan raja Banu Alkap  
nagrine Paranjemadri  
juru tuntun marga mring gegaman Ngarab.
29. Kuneng samektaning bala  
kekirab gegaman bumi  
tata sajawining kitha  
lawan bala ing Kohkarib  
ingkang sami ngriyini  
saking kitha wedalipun  
lawan bala ing Selan  
lan Kalakodrat ing mijil  
tan kawarna ing dalu ari kawuntat.

**4. Patih Baktiyar kaliyan Unukmardawan wawadul dhateng Prabu Robbussamawati**

**PANGKUR**

1. Enjing tengara gumerah  
teteg ewon beri gurnang thong-thong grit  
gumerah sajuru-juru  
sagung para narendra  
budhal saking jro kitha Rokam kadya rug  
prakemba wukir sayuta  
anglir bedhah bumi gonjing.
2. Daut saking njawi kitha  
para ratu ingkang mbarepi baris  
Suberlam lan Raja Barkum  
Gergawan lan Banulkap  
kapat sami pianjur andeling kewuh  
prajurit kawak ing Rokam  
kang tate nguwisi kardi.
3. Balanira anyaleksa  
sinambungan prajurit ing Kohkarib  
para ratu patang puluh  
gumregut saha bala  
tingkah kadya anganyar-anyari nglurug  
alami neng nagri Rokam  
kendele tan ana jurit.
4. Wurine bala Marmadya  
balanira Lamdahur anambungi  
sakuswa kang para ratu  
wuri balane Salsal  
ing wurine balane Maliat Kustur  
lan balane Kewusnendar  
para ratu kang nambungi.
5. Nulya Kalbujer balanya

Banu Arli balane kang nambungi  
lan balane nateng Kuljum  
anulya balanira  
Sadat Kadarisman neng Ngabesi nyundhul  
wuri balanipun Sarkap  
Turki ingkang anambungi.

6. Balane Iskal Iskalan  
nulya Ukman balane anambungi  
nulya balane Tamtanus  
jangkeping tigang dina  
nulya bala ing Kaos ingkang sumundhul  
Prabu Sayid Ibnu Ngumar  
lan bala ing Samarsawi.
7. Nulya sumundhul barisnya  
Sultan Anom Adida Nurussamsi  
bala Kodrat Samadikun  
sumundhul aneng wuntat  
balanira Jayusman Murijalsamsu  
Kahar Kusman balanira  
nulya balane Dukyanis.
8. Nulya para ratu Kelan  
kang kinarya anindhiji ing baris  
ing wuri ingkang sumundhul  
bala ing Parangteja  
gunging bala kanggo tigang arinipun  
nulya balane Marmaya  
kang mungging ngarsanira Mir.
9. Sumambung wadya pangarsa  
kang sayuta wuri Sang Jayengmurti  
ing wuri pra kadangipun  
golong kang pra sentana  
bala Amir anggili ingkang sumambung  
balane baris mbalabar

bala Bas lan Ngabdul-Samsi.

10. Kabeh bala para kadang  
kalih welas pra samya anambungi  
miwah tunggul payungipun  
kabeh bendera pethak  
rontek pethak maletuk lir udan kapuk  
wuri kathah para nata  
mor bala ing Ngalabani.
11. Cinatur wolulas dina  
antarane telase kang prajurit  
wus datan kena cinatur  
gunge bala Kuparman  
wuwuh-wuwuh kehe tan kene winuwus  
prasasat samodra wutah  
aneseki kang wanadri.
12. Kuneng malih kang winarna  
sira Unukmardawan lan apatih  
**Baktiyar tetela sampun**  
atas denya miyarsa  
yen budhale saking ing Rokam Wong Agung  
Kelana Suryengjagat  
mring Jaminambar anggitik.
13. Baktiyar Unukmardawan  
nedha atur mring balane Kotaltil  
Kotaltil balane Mangkrub  
Mangkrub lurah malekat  
tukang banyu Mingkail namane Mangkrub  
**Baktiyar Mardawan budhal**  
saking prajane Kotaltil.
14. Ing siyang dalu lumampah  
tan winarna ing marga sampun prapti  
ing Jaminambar kuthagung  
Mardawan lan Baktiyar

dutanira Kotaltil anujujug Mangkrub  
ngirid Mardawan Baktiyar  
wus panggih lawan Mingkail.

15. Katur mula bukanira  
yen Baktiyar pepatih ing Medayin  
Mardawan saduluripun  
nguni Unukmarjaban  
Ngambarkawit mantune Gulangge prabu  
dadi beburon kalihnya  
praptane punika ngungsi.
16. Mardawan Baktiyar samya  
wus binekta minggah marang ing langit  
wineling pratingkahipun  
umarak ing Hyang Suksma  
Robbussamawati angaku Hyang Agung  
sabarang pratingkahira  
kadi amamak Hyang Widdhi.
17. Sira Mardawan Baktiyar  
akekinthil marang mlekat Mingkail  
minggah ing langit kapitu  
prapta ing Bale Ngaras  
ngoyog kori malekat Mingkail Mangkrub  
Jabrail Surakal medal  
lawan Duljalal Ngijrail.
18. Lawan Israpil Sapardan  
kumpul papat malekat Mukarabin  
sami marak ing Hyang Agung  
pinarak Bale Ngaras  
munggeng singasana ing yakut jumerut  
widadari kang angayap  
wonten kalih atus sisih.
19. Sujud malekat sekawan  
wong kekalih tumut Mardawan patih

kalihe tumut asujud  
munggeng ing wurinira  
ingkang papat kinen tangi saking sujud  
Jabrail Ngijrail sami  
Mingkail Ngisrapil tangi.

20. Kantun Baktiyar Mardawan  
maksih sujud Sang Robbussamawati  
ngandika marang ing Mangkrub  
heh Mingkail ta sapa  
ya kawulaningsun sira gawa mangsuk  
Mangkrub Mingkail tur sembah  
nggih kawulaning Hyang Widdhi.
21. Satunggil aran Baktiyar  
nguni mapan pepatih ing Medayin  
Mardawan satunggilipun  
Ngambarkawit ing Rokam  
kadang Unukmarjaban kalihe katur  
dadya beburon punika  
mila ngungsi ing Hyang Widdhi.
22. Ambekta atur punika  
mila gupuh umarak ing Hyang Widdhi  
angandika Raja Robbus  
heh Baktiyar ta iya  
karo pisan sumeda apuraningsun  
pan sira kawulaningwang  
nora wurung sun tulungi
23. Baktiyar tangi kalawan  
sang Mardawan Baktiyar turireki  
duhu tuwan kang maha luhur  
kang miseseng kawula  
ingkang luwih wikan dhateng maklukipun  
kang anitah becik ala  
amba ngaturi udani.

24. Wonten terah kinawasa  
inggih terah saking Nabi Ismangil  
Mekah kalahiranipun  
prakosa mandraguna  
ngawulakken aleksan kang para ratu  
akekutha ing Kuparman  
balane kadi jaladri.
25. Ing mangke wonten ing Rokam  
pan kinerig bang wetan ing para ji  
**mila Gulangge pukulun**  
datan kuwawi nambak  
miwah Salsal pukulun sami anungkul  
Raja Gaji Mandalika  
Uktur anadhahi jurit.
26. Tumpes datanpa kukuban  
sabalane besmi sami wor siti  
Gaji Mandalika Uktur  
dadya wu kunarpanya  
nagarane den sirnakken labetipun  
sampun dadi ara-ara  
ing prang kurugan pepati.
27. Ingkang sampun atetela  
ing bang wetan wingwin para narpati  
temah suwita sumujud  
ratu geng-ageng samya  
pira-pira kang kasaban dhamparipun  
kumalungkung aneng jagat  
Wong Agung Surayengbumi.
28. Ing mangke sampun kekirab  
saking Rokam nedya nggitik mariki  
wadya kadya lun gumulung  
kathah ratu misesa  
ingkang sami abebala para ratu

kang sami sudibyeng yuda  
tanpa wilis kang para jii

29. Para putrane sadaya  
aneracak samya prawireng jurit  
tur sami umadeg ratu  
anagri sowang-sowang  
sabandhoyot mandraguna ing prang pupuh  
sagarwane sami digbya  
prawira mucung ing jurit.

## **5. Untabipun Prajurit Jaminambar kaliyan Prajurit Kuparman**

### **POCUNG**

1. Pan angguguk  
angakak angembat pupu  
wau duk miyarsa  
Raja Robbussamawat  
ing ature Rekyana Patih Baktiyar
2. Heh wong iku  
iya patih ing Medayun  
arep srah palastra  
yeku si Surayengbumi  
apa den nggo angalahna marang ingwang.
3. Balaningsun  
kade rendheng mangsa jawuh  
miwah sugihingwang  
iku ingsun karya langit  
langit emas sewu yuta dacin ana.
4. Jembaripun  
sadina ingkang mangidul  
angetan sadina  
mengulon mangalor sami  
anyadina pan iku lakuning jaran.
5. Salaka gung  
suwasa pan langitingsun  
tembaga kuningan  
parunggu kalawan wesi  
sapa kelar wong mengkono ngalam donya.
6. Lah ta iku  
balaningsun para ratu  
pan tanpa wilangan

miwah satriya dipati  
kadya banjur bengawan tiba sawangan.

7. Ngandika sru  
mring malekat papatipun  
padha angeriga  
rikaten aselak prapti  
mungsu hira wutah ati kaduk sura.
8. Becikana  
jaban kutha lor lan kidul  
ingkang wetan ika  
pamedaning kanan keri  
cawisane badhene mungsu hira kang prapta.
9. Balanipun  
saratu sajuru-juru  
aneng keri kanan  
kang badhe nadhahi tandhing  
tandhing wendra yuta bara mungsu apa.
10. Duwe atur  
iya kaya balaningsun  
lir tibuning udan  
lebur sun urugi pati  
apa kelar wong wetan animbangana.
11. Tan cinatur  
sadina-dina kang rawuh  
bala saking manca  
nagara miwah pasisir  
kadi guntur prahara kang manjing kitha.
12. Ana ratu  
kalih atus lagi rawuh  
saking Jaminasar  
sang Raja Katil Mukatil  
iku ratu kembar kalih atus pisan.

13. Wonten ratu  
ingkang prapta tigang atus  
saking Jaminurat  
lor kulon watesing langit  
sami ratu bala nata lir ernawa.
14. Wonten ratu  
prapta malih kawan atus  
saking Ujung Lukar  
poncot langit urut wukir  
Raja Jangkung Raja Jangkang Raja Jangkar.
15. Raja Kabul  
Raja Kabut Raja Marbut  
Raja Pulangnawang  
ratu andeling ngajurit  
Raja Bulbur Raja Bulkung Raja Wangkang.
16. Wonten ratu  
rawuh saking Ujung Kuwuk  
ratu pitung dasa  
sami urut ing pasisir  
wonten malih ratu saking Parangkembang.
17. Pitung atus  
sami ratu agung-agung  
pangarsaning nata  
nenggih Raja Guntur api  
Raja Jeket lawan Raja Gajimawar.
18. Raja Unung  
Raja Wagal Raja Jemur  
Raja Ujung Wijang  
Raja Baka Raja Bindi  
balanipun kabele lir samodra bena.
19. Raja Katung  
Raja Bunu Raja Kadrus

Raja Jalismurah  
akathah lamun winarni  
lir sungapan samodra ratu kang prapta.

20. Wonten ratu  
prapta malih kalih atus  
pan kadya ernawa  
ratu saking Jaminudhis  
pangagenge Raja Abrah Raja Bursam.
21. Raja Nujmul  
Raja Kibri Raja Butnu  
Raja Pilangkurah  
Raja Gurnat Raja Kirtin  
datan kena cinatur kehing kang bala.
22. Ratu ratu  
kerigan ingkang jinujug  
wadanane ana  
kang sami wismeng nagari  
sosorane ratu malekat sakawan.
23. Ratu agung  
Raja Tursina puniku  
lawan Raja Pulkan  
Raja Kamtitrisengadi  
Mraja Kantil kang sami aneng nagara.
24. Raja Bandun  
sengadi punika agung  
ratu kang malekat  
sekawan ageng pribadi  
sasat patih malekat papat mukharam.
25. Kuneng wau  
kang ngumpulken para ratu  
nateng Jaminambar  
Raja Robbussamawati

bala kadya sayuta wukir samodra.

26. Ratu wutuh  
dereng kambah-kambah mungsu  
lagi sapuni  
ana wani anglurugi  
sajegjege bang kalon kekes sadaya.
27. Kang winuwus  
gantya bala kang lumaku  
saking nagri Rokam  
Wong Agung Surayengbumi  
bala kuswa kadi wutahing samodra.
28. Para ratu  
tanpa wilis agung-agung  
prapta lampahira  
anggene munara nguni  
beji ingkang keramat Sultan Iskandar.
29. Sami ndulu  
tilase pamancalipun  
Pangeran ing Kelan  
duk binekta ing sang putri  
Julusul Asikin putra Jamintoran.
30. Sami ngungun  
sagung kang samya andulu  
patilasanira  
rajaputra Kaelani  
kang ngrasani pinikat saking ing kemat.
31. Kang wadyagung  
sami ayem nig tyasipun  
neng taman Iskandar  
wana Jaminingrat nenggih  
kathah pala kirna di-adi ing wana.
32. Kalih tangsu

marga sadina ping telu  
nggen beji munara  
punika kang densipengi  
wananipun keh pala kirna tur rata.

33. Laminipun  
lampahing kang para ratu  
sampun kalih candra  
cucuk sekawan para ji  
Raja Darkupta lawan Prabu Sudirham
34. Katrinipun  
Raja Bregawan dibyanung  
lan Raja Banukap  
gegedhug ratu prajurit  
nagri Rokam kapat manggalaning aprang.
35. Lampahipun  
ing marga datan winuwus  
ratu kang sekawan  
kang sami anuntun margi  
wus angidak talatah ing Jaminambar.
36. Dhusun-dhusun  
wewates kang sami tumut  
bumi Jaminambar  
ginempur dipun bahaki  
awurahan gejer diris wong tampingan.

## **6. Wong Agung nonjok serat panantang**

### **G I R I S A**

1. Geger samya bilulungan  
desa tampingan kech bubar  
girise lamun wong lanang  
kinen numpesi sadaya  
lamun wadon binoyongan  
sanadyan cilik yen lanang  
yekti pinaten pan ingkang  
parentah Gulangge raja.
2. Mring ratu sakawan ngarsa  
kang ingajanan sangnata  
yen wong Jaminambar iya  
nora patut uripana  
ratune ngaku Hyang Suksma  
nadyan sato patenana  
aja si jalma manusa  
Gulangge parentahira.
3. Dadya wong Rohkarib milya  
wong Rokam sapolahira  
bahak mbeboyongi samya  
gempuran sagung wong ndesa  
pating palinguk sadaya  
dereng tate mungsuh prapta  
katur marang ratunira  
yen mengsah prapta cucuknya.
4. Ratu sekawan balanya  
Prabu Gulangge ing Rokam  
agul-aguling paprangan  
pangirid Raja Suberlam  
Banulkap Raja Bregawan  
Raja Darkum sakawannya

balane kalangkung resah  
ambeboyong angrerayah

5. Sipat lanang tinumpesan  
mangkana Mangkrub malekat  
matur mring pengerenira  
Raja Robbussamawatya  
yen cucuking mengsa prapta  
wong tamping gempur sadaya  
mengsa langkung resahira  
ambeboyong karya pejah.
6. Raja Robbus langkung duka  
Sumawati duk miyarsa  
yen cucuke mengsa prapta  
balane Prabu Gulanggya  
kang dadya panuntunira  
panganjur bala Marmadya  
anglir kang samodra bena  
angelebi ara-ara.
7. Lir gunung guntur sawendra  
untabe kang wadyabala  
angebeki wana pringga  
Raja Robbussamawatya  
ngundhangi sagung balanya  
kang salawe atus prapta  
ingkang pinacak punggawa  
neng Jaminambar kuthanya.
8. Punika ratu wadana  
kareh ing malekat papat  
Jabarale Surakal  
Ngijrailipun Duljalal  
Israpilipun Sapardan  
Raja Mangkrub Mikail lan  
malekat papat punika

lir pepatih tegesira.

9. Aparentah nambut karya  
aneng langit catur tundha  
badhene **pangenanira**  
Raja Robbussamawatya  
denya sadulu praptanya  
bala Kuparman sadaya  
gumawang laŋkung tetela  
saking langit catur tundha
10. Ubekan sadina-dina  
polahe wong nambut karya  
ting bilulung solahira  
wong gedhe-gedhe sadaya  
ting kalesik paran ika  
wong wetan luwih prawira  
nglurugi allah manira  
kudu angajap duraka.
11. Apa baya tinemua  
baya ta kudu cilaka  
manusa wani Hyang Suksma  
saweneh pangucapira  
jer ika nora kabala  
mulane wani punika  
mung lagi wong kene iya  
kang padha ngaku Hyang Suksma.
12. Lamun wong Kuparman ika  
tan sudi ngaku Hyang Suksma  
iya marang allahira  
amung wong ing kene padha  
tan ana tutur carita  
mulane nggugu kewala  
lah ta iya rasakena  
wong kabeh kena duraka.

13. Manira oleh carita  
wecane wong kuna-kuna  
rusake wong Jaminambar  
yen mungsu Wong Agung wetan  
eling-eling babo padha  
iya ta mangsa wurunga  
negaramu bakal rusak  
nanging den awingit padha.
14. Tetarube sampun dadya  
munggeng langit catur tundha  
Raja Robbussamawatya  
sing bale ngaras tedhaknya  
neng langit ping pat sineba  
denya njenengi ngayuda  
ler kitha lan kidul kitha  
nggening barising kang bala.
15. Ya ta wau kang winarna  
lamine ana ing marga  
gegaman Kuparman prapta  
wong Rokam kang tuduh marga  
pangirid munggeng ing ngarsa  
panutane lampahira  
dupi meh ngambah nagara  
manggih raratan nagara.
16. Wong Rokam kang aneng ngarsa  
Marmadi parentahira  
ratu sakawan punika  
kinen sami amireya  
baliya wor kancanira  
mung wong Kohkarib kewala  
wus ngambah ratan nagara  
mangsa ta ngarah bingunga.
17. Sangsaya sru kagegeran

polahe wong sanagara  
lumayu asalang tunjang  
ngili mring jro langit samya  
sadaya gumyur tyasira  
kasub praptaning kang mangsah  
cucuke prapta nagara  
Prabu Marmadi kang nama.

18. Oreg sapraja gumerah  
dene wantere kang mengsa  
banjur tan ana tinaha  
mung leren korining kitha  
banjur karya pamondhokan  
ayem ing sasolahira  
tan ana ingkang tinaha  
mung jagul mbrubul praptanya
19. Lawan carakane prapta  
satriya kalih dinuta  
satunggal tan mawi bala  
janggiri titihanira  
putra Ngabesi Yujana  
kaharkusmen lawan sira  
Dyan Samadikun sembada  
amundhi tunggul panantang.
20. Lor kidul korining kitha  
akebak wus binarisan  
pan lelakon limang dina  
jejel baris mangulonnya  
miwah kang elor mangkana  
baris lir mendhung sinawang  
ing lelakon telung dina  
tedhak tan ana sumela.
21. Gemrudug prapta punggawa  
mring kori seketheng wetan  
dene ana katingalan

kang prapta kadya dinuta  
satriya loro balaka  
pan sarwi amudhi layang  
pra dipati ingkang tanya  
wong ing ngendi ingkang prapta.

22. Rupamu padha mangkana  
ambegmu gung kumasura  
sumahur kang tinakonan  
ingsun iki raja duta  
ingutus mring gustiningwang  
aturna mring ratunira  
duta Wong Agung Kuparman  
nggawa surat praptaningwang.
23. Ana wong Jabarailan  
sigra denira lumaywa  
munggah mring langit kaping pat  
matur ing Sang Hyang Wisesa  
pukulun kang kinawasa  
barang ing sekehing umat  
ing jawi wonten wong prapta  
inggih carakaning mengsa.
24. Mawi serat praptanira  
sarwi sujud aturira  
ngandika Hyang kang Wisesa  
Raja Robbussamawaty  
marang kang malekat papat  
Jibrail Ngijrail lawan  
Israpil Mingkail paran  
praptane caraka ika.
25. Apa becik sun undhangga  
apa layange kewala  
pradondi ing aturira  
pra malaekat mukarab

ana matur nimbalana  
ana matur pinundhuta  
inggih layange kewala  
dadya utusan mundhuta.

26. Inggih marang suratira  
duta kariya neng jaba  
jwa milu munggah ngakasa  
malekat kalih dinuta  
mundhut surating caraka  
Raden Kaharkusmen nyentak  
mecicil sarwi amulat  
mring Samadikun sasmita.
27. Lah iku tataning apa  
ngendi ana wong dinuta  
tan wruh ingkang pinaranan  
yen caraning gustiningwang  
sun palahur mulih aran  
angur sun pilih matiya  
kalawan sinebut tiwas  
angilang-ilang darajat.
28. Ngosikaken pendhangira  
Raden Samadikun tanggap  
malekat wangsul cengkelak  
matur marang gustinira  
Raja Robbussamawaty  
sujud prapta ing ngajengan  
tangi sujud aturira  
dhuh gusti sang maha mulya.
29. Surat pinundhut tan angsal  
duta mecicil kang netra  
sarwi molahaken pedhang  
canthula ngucap deksura  
sun palahur mulih aran

angur mati ngamuk mengsa  
makaten pangucapira  
duta kekalih taruna.

## **7. Prajurit Jaminambar sagah nyirnakaken Prajurit Kuparman**

### **S I N O M**

1. Anari malekat papat  
Raja Robbussamawati  
paran ika karepira  
cinekel kongkonan iki  
mata karo cinukil  
lawan kupinge pincerung  
dene liwat deksura  
matur nembah Jabarail  
dhuh pukulun kang agung ingkang misesa.
2. Lamun tuwan makatena  
animbangi lare cilik  
langkung nistha loking jagat  
tan wonten utusan mati  
nadyan praptaning sakit  
dereng wonten adatipun  
malah manggih ganjaran  
lampahe ratu linuwih  
pan paduka gustine kang raja-raja.
3. Langkung denira ngrerepa  
Jabrail Surakal Arib  
dadya kendel duk miyarsa  
Raja Robbussamawati  
meneng dangu tan angling  
ingkang ngaku Hyang Agung  
ya ta ngandika tanya  
sapa rane duta kalih  
nembah matur Mukarab ingkang dinuta.
4. Satunggil putra Yujana  
Raden Kaharkusmen pekik  
dene ta ingkang satunggal

putrane rajeng Ngabesi  
sami nom pekik-pekit  
nama Kodrat Samadikun  
aneh kang tinitihan  
awak macan sirah sapi  
kadya gagak cemenge melas kalintang.

5. Ya ta malih angandika  
Raja Robbussamawati  
nenggih ingkang tinakonan  
dening Malikuswal-Arli  
nalika iku patih  
Baktiyar wonten ing ngriku  
winenang anunggala  
lawan malekat Mingkail  
ya ta matur sira Ki Patih Baktiyar.
6. Pukulun kang tinitihan  
caraka kalih kang prapti  
nama Jenggiri punika  
rikat binekta ngajurit  
saking Dhayak nagari  
angsale kala rumuhun  
sang Prabu Jaminambar  
ngandika mring Jabarail  
wetonana caraka ngantiya ingwang.
7. Pepaken kang para nata  
sakapraboning narpati  
padha nginakila sadaya  
sagung malekat ing langit  
padha medhuna sami  
mung kariya ingkang tungguk  
kang mubeng-mubeng padha  
ngrasuk busana narpati  
ngebat-ebat kang rinasuk busananya.

8. Daledeg kang para nata  
sabusananing ngajurit  
miwah sagunging malekat  
anggili kang saking langit  
busana werni-werni  
tan antara tedhakipun  
Narpati Saesalam  
ginarebeg widadari  
para putri tawan kalih ewu dhomas.
9. Supenuh kang para nata  
dhune Robbussamawati  
saking ing langit kaping pat  
nalikanira kaeksi  
sagung wong pancaniti  
anjirap sadaya sujud  
dene para malekat  
ingkang munggeng kanan kering  
pan sadaya rebah sujud ing pratala.
10. Amung malekat sakawan  
angadeg sarwi amandhi  
gada wrat rong ewu dhomas  
Ngijrail lawan Mingkail  
lawan Gulangge sami  
Duljalal kalawan Mangkrub  
dene kalih punika  
Jabarail lan Ngisrapil  
tan patya geng sami lawan Raja Salsal.
11. Surakal lawan Sapardan  
mangka Robbussamawati  
munggeng singangsana retna  
gawok raja putra kalih  
Kaharkusmen ningali  
lawan Kodrat Samadikun  
dene rebah mbalasah

tan ana njanggelek siji  
pan anganti pangatage ratunira.

12. Gumleger denya ngandika  
Raja Robbussamawati  
heh kabeh manungsaningwang  
gedhe cilik aja keri  
iya parentah mami  
atangiya saking sujud  
sigra tangi sadaya  
iya kang caraka kalih  
sinaosan iya kang kursi kencana.
13. Caraka kalih wus lenggah  
Jabarail amarani  
alon wau wuwusira  
heh duta Surayengbumi  
ywa dadi tyasireki  
duta Wong Agung Pinunjul  
sabara ing pratingkah  
sun jaluk suratireki  
aja susah ingsun ingkang nyaosena.
14. Apan ratuning minulya  
kang angutus ing sireki  
panggonan para utama  
Wong Agung Surayengbumi  
sembada kang tinuding  
pra atmaja bagus-bagus  
yekti sugiha rupa  
sakedhike dha nglumuhi  
tetecone ing nagara sowang-sowang.
15. Yen nora anglumuhana  
sayekti cacad ing bumi  
tan susah sun ucapena  
aran wus agemireki

wong Agung wetan luwih  
iya saking amotipun  
nyabari marang mengsa  
lilih tyas satriya kalih  
sinungaken surat sarta wuwusira.

16. Ywa liya sira ngaturna  
nanging pandhinjen puniki  
ngungkulana sirahira  
mesem sira Jabarail  
sun papak lawan kuping  
sedheng sidhangsiringipun  
mesem duta kalihnya  
iya sakarsanireki  
nulya mangkat marang ngarsane sang nata.
17. Prapta ngaturaken surat  
Raja Robbussamawati  
pan sampun nampani surat  
winaos sinuksmeng galih  
bebukaning kang tulis  
pepuji marang Hyang Agung  
ingkang akarya jagat  
kang sayekti Maha Suci  
kaping kalih mring Nabi Ibrahim duta.
18. Sawusnya muji kalihnya  
heh Sang Robbussamawati  
wruhanira praptaningwang  
marang ing kuthanireki  
angantep ing sireki  
atobata ing Hyang Agung  
aja angaku Allah  
cilaka geng kang pinanggih  
marenana aja agawe malekat.
19. Yen sira iku amampang

nora sedya memareni  
nggonira angaku Allah  
iya sun kang mbilaheni  
ratu ngudubilahi  
Saesalam sira iku  
pasthi angajap rusak  
anggegawa wong sabumi  
lamun iya mari kabeh tingkahira.

20. Nuruti paretahingwang  
agama Nabi Ibrahim  
tulusa karatonira  
ingsun nora angowahi  
maksiha sira ugi  
sinembah samaning ratu  
heh ratu Jaminambar  
eling-eling den pakeling  
Lamun maksih mangkono pratinghira.
21. Ora wurung mati rusak  
gadaningsun usamadi  
kang amecat nyawanira  
nora suwe madyamami  
mbojod langitireki  
den karuhan sesanggupmu  
heh ratu Jaminambar  
den pratela den atiti  
ambuwanga polah tingkah nora kaprah.
22. Sira gawe lelangitan  
apa pangrasanireki  
agawe hebatting jagat  
sapa sugih kaya mami  
langit apa ta iki  
mung nem dina jembaripun  
agawe malaekat  
padha ngisingaken tai  
mangan roti nora mangan Sudhanallah.

23. Yen ratu bang kulon padha  
anggunggung polahmu iki  
padha wong jaban warana  
adoh patrapan kang becik  
patut nagari pinggir  
gawe polah nora patut  
luwih pangrasanira  
yen mungguh wong Puserbumi  
tanah tengah nggene tata nggening krama.
24. Nggoning pepantes lan ora  
ndulu tingkahmu tan sudi  
yen mungguh wong tanah tengah  
nglakoni mangkono isin  
gawe langit nem bengi  
jembare nadyan setahun  
nora pantes tinimbang  
lawan langiting Hyang Widdhi  
liwat saking tanpa ngrasa polahira.
25. Iku pakartining bocah  
iya saking tan apikir  
kurang pituturing Kitab  
milane sarwa nyenyengit  
kira tan ana wani  
iku ngaku Sang Hyang Agung  
langitmu mung sacengkang  
njeginggis betah ing isin  
allah apa jenggote kena pinaras.
26. Cinukur maling aguna  
bathuk kene cinaliring  
tinulis cinalorengan  
lagi semono nemahi  
heh Robbussamawati  
kagunganing Hyang kang nengsun  
kuthaningsun Kuparman

gaweya kaya sireki  
telung kaya mengkono seyekti bisa.

27. Saking panggunggunging Suksma  
kehe bala kang para ji  
lan kehe kagunganing Hyang  
kang sinampiraken mami  
nenarika mas mami  
marang sagung para ratu  
suwasa lan salaka  
nuli ingsun karya langit  
baya dadi lelakon sepuluh dina.
28. Ngalor ngulon ngidul ngetan  
lelakon nyepuluh wengi  
mangsa kaya polahira  
nistha kusut betah isin  
langitira mung kedhik  
sedina ngetan angidul  
ngulon ngalor sedina  
kemaruk ngaku Hyang Widdhi  
dene-dene papaka dandanana.
29. Emanen karatonira  
sira ratu pinggir langit  
geroboh adoh prayoga  
pira-pira kang para ji  
nggonen bekti Hyang Widdhi  
mendah ta luhurireku  
kang para ratu donya  
tan ana kadya sireki  
sugih bala para ratu sugih donya.
30. Dereng tutug maos serat  
astane katinggal maksih  
anyekel layang winaca  
astanira ingkang keri

kekipat denya runtik  
selan dariji kemukus  
geger sami angiwa  
kang anangkil aneng keri  
metu api astanira Saesalam.

31. Tutug denya maos serat  
angling Robbussamawati  
heh heh wong ing Jaminambar  
wruhanira layang iki  
yen masa awak mami  
sakethi dacin wratipun  
mengko prapta wong wetan  
mung denarani satail  
mas tampikan setail iku mas mentah.
32. Mas kang mentah kaya nanah  
pan nora aji sabiting  
kayapa pangrasanira  
sakehe manungsa mami  
kang padha duwe gusti  
apa lila ta sireku  
matur kang para nata  
kula benjing kang mejahi  
mring Wong Agung Kelana Surayengjagat.
33. Akathah kang samudana  
kula benjing kang nyenyuwir  
kulite sultan Kuparman  
balane kula tumpesi  
sen sampun wonten kari  
kangadol sanggup gemuruh  
duta putra Yujana  
miwah putra ing Ngabesi  
wus ginanjar kalihe kinen mantuka.
34. Maruta ing gustinira

sun nedya ngedu para ji  
rerempon pan ingsun sedya  
agawe samodra getih  
balaningsun para ji  
kabeh antandhing prang pupuh  
pragola ngedu yasa  
lawan si Surayengbumi  
angeriga kabeh ratune wong wetan.

35. Tandhes sapasisir pisan  
nora sedya sun ginggangi  
aprang lan sultan Kuparman  
lebura amor ing siti  
padha ngantep ing jurit  
wus tandhinge lawan ingsun  
iya si Kakungingrat  
ing bang wetan tanpa tandhing  
iya ingsun ing bang kulon tanpa lawan.
36. Pamit duta kalihira  
sapraptanira ing jawi  
taratag sareng nggenira  
sami anitih jenggiri  
nander saengga thathit  
cingak ndongong kang andulu  
umesat kadi kilat  
wau ta satriya kalih  
kitha Jaminambar pan sampun kawuntat.

**8. Prabu Robbussamawati mriksani dhatengipun  
Prajurit Kuparman**

**PANGKUR**

1. Kuneng sapungkuring duta  
sang aprabu jengkar minggah ing langit  
ingkang kantun para ratu  
dereng wonten bubaran  
sami tutur-tinuturan balanipun  
kathah sami dhinedhelan  
dening wong wetan kang prapti.
2. Sikep kang dandan pondhokan  
wong barundhul wani ndhedheli mantri  
lamun ana wong lelaku  
sikepa pan lelima  
kepapaga kalawan mantri sapupuh  
den rayah kari telanjang  
tan ana wani ngukuhi.
3. Cinegah meksa kewala  
ginebugan marem meksa ndhedheli  
andhendha pangucapipun  
ratumu ngaku Allah  
pasthi loma sira anjaluka liru  
telungane ratunira  
nora mingked anglurugi.
4. Maring nagara bang wetan  
ndadak dadi gawe ratumu iki  
den lurugi gustiningsun  
mulane mengko sira  
iya pada asoka dhendha maringsun  
arsa medhang amedhangga  
tan wurung sun paleceti.
5. Wonga satus kang lelampah

yen kepapag wong sepuluh ndhedheli  
padha megilan wong brundhui  
angrampas wong beranggah  
nggawokaken wong bang wetan wanteripun  
wong wus angancik nagara  
teka maksih angrayahi.

6. Kuneng wau antukira  
putra kalih Yujana lan Ngabesi  
prapta pasanggrahan agung  
lajeng maring ngayunan  
matur solahing lampahira ingutus  
ngantep ratu Jaminambar  
sayekti amapag jurit.
7. Estu yen datanpa sama  
ratu Jaminambar sugih bala ji  
wong dene ing agengipun  
kadi boten kaota  
kalih Prabu Gulange myang inggilipun  
nanging keras ambeg ganggas  
Raja Robbussamawati.
8. Suka Wong Agung miyarsa  
gunging bala tan wonten kang nimbangi  
tanpa wilis para ratu  
sigra denya sasmita  
mring kang rayi Sultan Parangteja sampun  
anglampaheken parentah  
budhala kang ngrakit baris.
9. Lampahing caraka prapta  
kang pakuwon sang prabu ing Kohkarib  
wus tampi parentah laju  
lajeng neteg tengara  
gumaregut saprajurit para ratu  
amparan mutyara ngarsa

wasiyat Suleman Nabi.

10. Praptane saking Ngajerak  
sasedane sang Prabu ing Medayin  
kinintunaken puniku  
maring nagri Kuparman  
winatara nadyan tan umadeg ratu  
pan rinatu para raja  
sanadyan ta ingkang rayi.
11. Wong Agung ing Parangteja  
pan rinatu-ratu ing para aji  
tan kena selak ing sebut  
sinebut ing akathah  
mila kinintunan amparan jumerut  
ingkang sesuku mutyara  
winawatonan her thathit.
12. Punika ingkang amparan  
Jeng Suleman kala siniweng ejin  
amparan kadyandaru  
nanging sang Kakungingrat  
ajrih taklim tan arsa pinarak ngriku  
mung pinusaka kewala  
amparan Suleman Nabi.
13. Ingambil sawab berkahnya  
marmanira ginotong munggweng ngarsi  
sinongsongan pitung puluh  
mangkana lampahira  
ratu kadang Kohkarib kang munggweng ngayun  
wonten kuda pitung leksa  
lan Raja Kanjir Mukanjir.
14. Lan Baritma Maliritma  
Raja Jarjas kalawan Raja Jarjis  
Raja Janku  
Raja Jankung

lan Jeras Malijeras  
tunggul abang biru rong atus neng ngayun  
wonten kuda pitung leksa  
tigang leksa nitih esthi.

15. Ingkang nggarebeg amparan  
munggweng cucuk datan kawarneng margi  
praptaning nagara esuk  
ngancik kikising kitha  
geger oter turangga kadya sesulung  
mantri kang atur uninga  
yen cucuking mengsa prapti.
16. Kadya wukir alelampa  
katur marang Sri Robbussamawati  
oreg para ratu-ratu  
sami saos parentah  
Kyana Patih Baktyiar ngandikan sampun  
minggah ing langit kaping pat  
langit Robbussamawati.
17. Baktyiar ingsun tuduhna  
para ratu Ngarab kang samya prapti  
dupara weruh maringsun  
ingsun ingkang waspada  
nora weruh yen ing kene prenahingsun  
ndulu praptane wong wetan  
prajurit samekta sami.
18. Tan antara praptanira  
sarta swara lebu ngampak-ampaki  
kambah ingkang turanggagung  
lawan esthi aleksan  
blegedaba bihal memreng kului senuk  
awor kendhang gong lan gubar  
beri gurnang lan thong-thong-grit.
19. Kumepyur sami tyasira

kapiyarsa tan adangu kaeksi  
pepandhen kang kalih atus  
tunggul asri biru bang  
angadika heh Baktiyar sapa iku  
ingkang mangkono wong Arab  
Patih Baktiyar wotsari.

20. Pukulun ingkang misesa  
boten ewah wong Arab yang lumaris  
mbarepi baris pan amung  
narendra kawan dasa  
ratu kembar Umarmadi kadangipun  
katon kang nggawa amparan  
kadya surya mangsa katri.
21. Anawengi diwangkara  
sru ngandika Sri Robbussamawati  
heh Baktiyar apa iku  
kang katon gebyar-gebyar  
ginarebeg ing kuda dipangga agung  
sinongsongan pitung dasa  
ulading baskara asri.
22. Umatur Patih Baktiyar  
pan amparan ri sang Surayengbumi  
palenggahane puniku  
kekintunane kang rama  
ing Ngajerak dene kang darbe rumuhun  
Jeng Nabi Raja Suleman  
Suleman ratu ing bumi.
23. Raja Kuskal ingandikan  
prapteng ngarsa sang Robbussamawati  
pangandikanira asru  
marang sang Raja Kuskal  
heh pundhuten amparan kagunganingsun  
lan prajurit pitung yuta

kalih atus kang para ji.

24. Kang ratu kembar sadaya  
mungsu hira baya kang prapta iki  
ratu kembar patang puluh  
poma Kuskal den kena  
kang amparan jumerut kagunganingsun  
tur sendika Raja Kuskal  
ya urugana pepati.
25. Menembah sang Raja Kuskal  
sampun maras amparan mangke keni  
sigra denira tumurun  
saking langit kaping pat  
prapteng ngandhap tengaroreg balanipun  
sumahab umagut ing prang  
kadya guntur banjir wukir.
26. Pangarsa kang para raja  
ratu papat ingkang nembung wus prapti  
heh wong Arab turna iku  
ya ingkang sira gawa  
kang amparan jumerut kagunganipun  
mahaprabu Jaminambar  
kang ngayap kang dendhawuhi.
27. Ratu sekawan tan angsal  
pan kaponthal-ponthal wus den gitiki  
si edan aculu-culu  
sigra sang Raja Kuskal  
ngangsa haken prajurit sareng umagut  
prakampita sareng mangsah  
ambyuk kaget wong Kohkarib.
28. Wrin lamun tangkep mangkana  
sareng tandang prajurit ing Kohkarib  
prawira sareng tumanuk  
prajurit kang turangga

gelar saben pamuke sareng kumrutug  
sawusnya tempuh mratiga  
gelare Sulipi Atin.

29. Mengsah yutan kaweratan  
pareng ngamuk gegere bala kapir  
baris ayutan anjumbul  
samya kanggenan mengsah  
memedhangi anggada miwah nyalukun  
kuwur kapapan ing mengsah  
wruhira wus memedhangi.
30. Geger balanira Kuskal  
wus kalebon gelar Sulipi Atin  
kedhik maratani mungsuh  
bingung prange wus rusak  
wong Kohkarib ana medhang ana mupuh  
mungsuhe pating geligap  
kathah ingkang wus ngemasi.
31. Wuri sangsaya heh prapta  
balanira Kuskal kadya jaladri  
wong Kohkarib wuri sampun  
nander ingkang turangga  
lajeng nempuh athuke kang para ratu  
sarwi amewahi gelar  
ingkang Arbangupi Atin.
32. Wuri malih ana prapta  
wuwuuh gelar ran Khamisupi Atin  
ubekan wong kapir bingung  
akeh enggone mengsah  
karusakan akathah pepatinipun  
tumpese wong Jaminambar  
padha kumprung ing ngajurit.
33. Prabu Marmadi miyarsa  
yen kadange kang membarepi baris

pitethuk ing prang garubuh  
sampun kathah kang pejah  
langkung duka Marmadi ngatag ing pungkur  
kinen manglanggar mring ngarsa  
seroten aja ngunduri.

## **9. Prajurit Jaminambar tetumpesan**

### **DURMA**

1. Raja Arjan Ardkapi lan Ardiman  
ngirid ingkang prajurit  
kang sami turangga  
nander saking ing kanan  
sepalih kang saking kering  
nempuh nembalang  
gelar Sabngupi Atin.
2. Wus angrusak kemrubut anempuh mengsa  
kadya mbabad bung pacing  
anacah semangka  
angobrak-abrik mengsa  
wonten patang jam kang jurit  
balane Kuskal  
sakethi ingkang mati.
3. Para ratu mati telung puluh sanga  
nem atus pra dipati  
mantri kang saleksa  
wong Kohkarib kang pejah  
mung telung atus gelinting  
wong Jaminambar  
kambah kosik katitih.
4. Wonge wendran yutan prange tanpa guna  
wong Kohkarib sakedhik  
nanging prange bisa  
gelare tundha-tundha  
wong sepuluh den mungsuh  
rong atus bebas  
kang sapuluh basuki.
5. Ing satus mungsuhe rong ewu bebas  
ingkang satus basuki

kang sewu amengsa  
rong leksa sirna gempang  
kang sewu samya basuki  
saleksa mengsa  
prajurit kang rong kethi.

6. Kang rong kethi tumpesan rebah mbelasah  
kang saleksa basuki  
kang sakethi mengsa  
kalawan rong wong yuta  
wong rong yuta tumpes tapis  
sakethi waras  
prajurit ing Kohkarib.
7. Nate aprang angamuk prajurit Ngarab  
bisa prang mangun westhi  
anrang pringgabay  
gelar angitung panthan  
maju nengah mecah malih  
kang kena gelar  
ting palinguk ing jurit.
8. Ingkang anon saking ing langit kaping pat  
sang Robbussamawati  
tanya mring Baktiyar  
kepriye prange ika  
amparan mau neng pinggir  
mangkya neng tengah  
endi kang asor iki.
9. Siga sami matur malekat Mukarab  
wadya tuwan ing ngriki  
punika kasoran  
inggih malekat Nukma  
kethen wadya tuwan mati  
ratu satriya  
pra dipati keh mati.

10. Mengsa langkung kedhik punika kang pejah  
sang Robbussamawati  
agooyang kepala  
tiwas temen si Kuskal  
sesanggupe tan pinanggih  
wus karusakan  
balane akeh mati.
11. Ika apa gegere ngulon sadaya  
tan ana ngetan siji  
mung ngulon sadaya  
bisa prange si Arab  
wonten prapta waking wuri  
Raja Naiman  
mbekta kuda sakethi.
12. Rerikatan tunggul lelayu bandera  
sami nginggil turanggi  
linelet sadaya  
sepalih kang kumelab  
tulung ing nateng Kohkarib  
nander sadaya  
nempuh manjing ing baris.
13. Lajeng mecah balane Raja Naiman  
dadya Sabngupi Atin  
geger apuyengan  
sangkin awuwuh risak  
Raja Kuskal wadyaneki  
duk katingalan  
mring Robbussamawati
14. Heh Baktyiar  
sapa ratu anom prapta  
rikat manjing jro baris  
prajurit turangga  
siji tan ana ndharat

Patih Baktiyar wotsari  
kang keponakan  
inggih rajeng Kohkarib.

15. Arinipun punika ingkang peputra  
inggih Raja Muntalir  
arine Muntalar  
punika madeg raja  
wonten ing nagri Badasir  
Raja Naiman  
mbantu ing uwa aji.
16. Apan sampun kaweca ing prang turangga  
waged prawireng jurit  
Mraja Saesalam  
ngatag sawiji raja  
kang tate aprang turanggi  
sabalanira  
sira sang Raja Garsim.
17. Atetulung repote sang Raja Kuskal  
mangsa sang Raja Garsim  
sakethi balanya  
tur kang sami turangga  
tempuh prang saini turanggi  
Raja Naiman  
methukken Raja Garsim
18. Bayak golong prajurit Garsim angsahnya  
prit neba ing ngajurit  
balane Naiman  
kari sepantha pecah  
dadi patang pantha malih  
narajang tengah  
metu ing kanan keri.
19. Caruk awor Naiman angikal pedhang  
turangga cinamethi

nander kadya milar  
pedhang kadya kitiran  
mobat-mabit nganan-ngering  
ngrampad angrampas  
Raja Garsim kababit.

20. Turanggane sirahe kena sasigar  
kuda nglumba njempalik  
Raja Garsim tiba  
lajeng sinabet pedhang  
sirahe timpal sapalih  
pinindho pegat  
tugel sang Raja Garsim.
21. Balanira katerak ing pamuk bubar  
lir bantheng nandhang kanin  
sang Raja Naiman  
wuru denira aprang  
balane **angobrak-abrik**  
anumpes mengsaah  
prajurit ing Badasir.
22. Kadya nacah iwak loh mbabadi gedhang  
prajurit ing Badasir  
sang Raja Naiman  
taruna wireng laga  
wasis ngadu prang turanggi  
mateng ing gelar  
bangkat Tis'ufi Atin.
23. Dadi Tis'ufi'at dadi 'Isrufi'at  
amecah ngumpul malih  
balane Naiman  
sami kinen rumeksa  
mring para pamanireki  
lan para uwa  
sami ngawaki jurit.

24. Ratu kembar kawan dasa kang sadasa  
neggih kang raka sami  
ingkang tigang dasa  
punika arinira  
Raja Muntalar Muntalir  
Raja Naiman  
pambajenge Muntalir.
25. Duk Prang Samasrawi kinarya narendra  
mring sang Surayengbumi  
Badasir nagara  
pangiriding prang kuda  
keponakane Marmadi  
Raja Naiman  
prawira sura sekti.
26. Kadya ditya sayuta sedheng mrih mengsaah  
prajurit ing Badasir  
kadya jejimblungan  
baris ketel den irat  
ing gelar Tis'ufi Atin  
tumpes karampas  
kendel kasaput wengi.
27. Amakuwon Marmadi sakadangira  
samyia umarek aglis  
ngumpul para kadang  
aglar ing ngarsanira  
miwah pepulunan prapti  
Raja Naiman  
dinangu duk ing jurit.
28. Yen wis kathak mateni ratu prawira  
punggawa pra dipati  
agoyang kepala  
Prabu Marmadi mojar  
prange angudubillahi

wong Jaminambar  
angurugi pepati.

29. Yen mangkono tangkepe wong Jaminambar  
yudane datan apik  
becik tur uninga  
iki mring gustinira  
yen ingsun iki wus jurit  
heh **sutaningwang**  
sira nateng Badasir.
30. Ngiras pantes sun utus apan ta sira  
milu ngawaki jurit  
wus akeh kang pejah  
**sedina mbethethet prang**  
duk praptane wadya mami  
wong Jaminambar  
banjur mijil amrangi.
31. Nora tata polah tingkahing ngayuda  
lawan sira nakmami  
mampira barisnya  
ing pamanira Selan  
kang prapta ing benjing enjing  
ya pamanira  
yayi Smara Serandil.

## **10. Prabu Lamdahur mangsahaken bala**

### **ASMARADANA**

1. Matura pamanireki  
lamun ingsun wus ayuda  
wong Jaminambar polahe  
nora tata nora lumrah  
banjur umagut aprang  
wong ingsun masih lelaku  
tinempuh pinagut aprang.
2. Raja Naiman wotsari  
mring uwa lajeng umesat  
dalu lawan sabalane  
wineling saben manggala  
wadana para raja  
kajawinira Lamdahur  
kinen ngaturi pawarta.
3. Yen saru tangkeping jurit  
arusuh wong Jaminambar  
nempuh prang wong durung mondhol  
baris lelaku tinerak  
pinagut ing ngayuda  
sang Raja Naiman laju  
prapta pukul kalih welas.
4. Ing pakuwone Serandil  
wadya tinilar ing jaba  
sang nata lajeng manjing jro  
Lamdahur maksih sineba  
lenggah lan Raja Salsal  
sang Raja Naiman laju  
aglar satriya neng ngarsa
5. Praptane rajeng Badasir  
dumarojog lajeng nembah

sang Prabu Lamdahur kaget  
ling sira kulup kang prapta  
bengi-bengi anapa  
Mraja Naiman wotsantun  
ingutus raka paduka.

6. Mring paduka tur udani  
pun uwa wingi sampun prang  
pinethuk derenge mondhol  
langkung rame ing ayuda  
ingurugan pepejah  
wong Jaminambar pukulun  
Lamdaheur goyang kepala.
7. Maksih manggut-manggut angling  
kulup paran ta wakira  
Si Dhedhuk salamet bae  
umatur inggih raharja  
raka paduka wau  
mung prajurit tigang atus  
lan ulubalang sadaya.
8. Mengsaah wonten kalih kethi  
cinacahan kang makutha  
tigang dasa sanga katong  
nem atus kang pra dipati  
mantri wonten saleksa  
angungan Prabu Lamdahur  
dalu angundhangi bala.
9. Warata bala Serandil  
parentah laku awak prang  
yen mungsuhan rusuh tatane  
sira sang Raja Naiman  
sampun kinan adhahar  
ngandika Prabu Lamdahur  
katujune ana sira.

10. Mangkudhenga prang turanggi  
lamun sira tan praptaa  
sayekti wakamu repot  
sawusnya nadhah tur sembah  
lajeng Prabu Naiman  
kendel pakuwon Tamtanus  
sawuse ngaturi wikan.
11. Miwah pakuwonireki  
Sri Bupati Kewusnendar  
sawuse ngaturan weroh  
miwah pakuwon Gulanggya  
sadaya para raja  
miwah para rajasunu  
kang samya anyekel karya.
12. Miwah rajeng Burudangjin  
sang Prabu Tasangsul Ngalam  
Maliyat Kustur wus dene  
Prabu Semakun Gumiwang  
Hurmus sinungan pirsa  
ing marga datan winuwus  
lampahe Raja Naiman.
13. Prapteng pakuwonireki  
Wong Agung ing Parangteja  
wus panggih lajeng lampahe  
binekta maring ngajengan  
Dipati Tasikwaja  
lawan Gulangge katri wus  
mungkah iang ngajengan prapta.
14. Wus katur aturileki  
sira sang Raja Naiman  
langkung saking pengungune  
musuhe wong Jaminambar  
Naiman wus ginanjar

undhangan warata sampun  
priyatna asalin gelar.

15. Wau sang nateng Budasir  
kinen wangslu maring ngarsa  
maqkana bareng guneme  
ing dalu warnanen enjang  
kekirab wadya Selan  
Arya Maktal wus anuduh  
Raja Kalbujer anukma.
16. Saking kuwatiring batin  
marang sang prabu ing Selan  
milane Raja Kalbujer  
sawadya kang aprang kemat  
kinen angajengana  
marang sang Prabu Lamdahur  
ing siyang dalu lumampah.
17. Nenggih kawan welas ari  
tebihe baris pangarsa  
jejel tanpa sela gebel  
kanan kering tebanira  
sami amitung dina  
wana kambah gempur-gempur  
anjeblak kadya reratan.
18. Raja Kalbujer wus panggih  
lawan sang prabu ing Selan  
mesem kaduga karsane  
saking ingkang palimirma  
Wong Agung Parangteja  
Dipati Tasikwajeku  
mangkana barising Selan.
19. Gemuruh budhalireki  
tan owah panganjurira  
Suratsidham malihe

sira Prabu Diwangkara  
wiwah sang Raja Ngalam  
sumreg lampuhe wadyagung  
kadya girendra sayuta

20. Tunggul kalih atus ngarsi  
miwah pepandhen daludag  
lelayu bandera rontek  
prayitna ing lampahira  
cucuk jawining kitha  
wus katinggal langitipun  
mubyar kang nginggil kencana
21. Raja Robbussamawati  
sore minggah Bale Ngaras  
yen rina tumurun age  
mring tarub langit kaping pat  
ningali mungsuh prapta  
lawan angatag umagut  
sadina-dina mangkana.
22. Siniweng ratu prajurit  
sagung malekat Mungkarab  
aglar neng ngarsa sang katong  
pan angiras adhadharan  
nayub para malekat  
Patih Baktiyar tan kantun  
saos anjawab patanyan.
23. Mangkana mungsuh kang prapti  
tabah-tabahan myang surak  
gemuruh wuwuh gelare  
daledeg kang pra dipatya  
tatanya Saesalam  
para ratu prapta iku  
gumregut surak gumerah.
24. Lampuhe baris Serandil

para ratu ngumpul samya  
neng wuri tunggal gustine  
ngarsa bupati kewala  
praptane baris Selan  
prajurit dipangga ngayun  
ing wuri upacarabra.

25. Kinalang-kalang sang aji  
dening satriya punggawa  
binabar kabeh songsonge  
ampilan parise gada  
kang sami sinongsongan  
kabeh gegamaning pupuh  
mila songsong wolung dasa.
26. Kagyat Robbussamawati  
heh Baktyiar ika sapa  
dhedhog apeteng barise  
upacara neka warna  
ratune neng dipangga  
sinongsongan wolung puluh  
agung aluhur sembada.
27. Baya si Surayengbumi  
kang ingayap para raja  
bala banget rumeksane  
umatur Patih Baktyiar  
dede sultan Kuparman  
puniku Prabu Lamdahur  
kang putra Raja Sadalsah.
28. Ratu Agung ing Serandil  
angreh pulo kalih leksa  
bebala samining katong  
apa mulane kabala  
Baktyiar matur nembah  
inggih kasor ing prang pupuh

binating ing rananggana.

29. Duka Robbussamawati  
nuduh ratu geng prakosa  
satus rong puluh dedege  
egas tur asugih bala  
Raja Suhardi nama  
heh mangkata sabalamu  
papagna Lamdahur ika.
30. Cekelen aturna mami  
yen abangga patenana  
singa Lamdahur dosane  
tiwas nyuremken nagara  
weh jalebuding praja  
Raja Suhardi wotsantun  
tedhak sing langit kaping pat
31. Sapraptanira ing jawi  
oreg barisira obah  
anembang tengara bedhol  
umagut baris kang prapta  
sira Raja Suhardya  
nitih dipangganira gung  
mangsah anregaken bala.
32. Sayuta Raja Suhardi  
prajuritira kinudang  
kemrutug lir wukir bedhol  
bala mangsah ngamah-amah  
lir pagutting samodra  
panggah balane Lamdahur  
tan nedya mundur ing aprang.

## **11. Prajuritipun Prabu Lamdahur unggul yudanipun**

### **D U R M A**

1. Pareng nempuh mangsah Suhardi balanya  
sayuta angebyuki  
wong Serandil panggah  
nadhai pra dipatya  
miwah kang para narpati  
bala ing Selan  
kang sami nitih esthi.
2. Gumaludhug gumredeg gredeging gajah  
kerapyaking turanggi  
gumuruh wurahan  
angamuk pra dipatya  
lir danawa andon daging  
prajurit Selan  
liwung awuru getih.
3. Kang asikep gada anggada nggelasah  
mungsuh kang nitih esthi  
akeh kasulayah  
miwah kang nedha pedhang  
amuke bala Serandil  
kuda dipangga  
rempu katiban bindi.
4. Kadya guntur wukir sayuta prakempa  
oreg kagiri-giri  
solahing dipangga  
pragol bantala kambah  
melak dipangga narpati  
Lamdaheur krodha  
santana pra dipati.
5. Gajah kethen wong Selan pangamukira  
rempek angobrak-abrik

atusan kang pejah  
para ratu satriya  
balane Raja Suhardi  
rebah kaambah  
kelesikongkikh katitih.

6. Riwuting prang jemparing pan kadya udan  
langkung ramening jurit  
pedhut kadya gelap  
keh swara rungyan  
Raja Kalbujer ngampingi  
sang rajeng Selan  
eca denya nggadani.
7. Ewon ingkang prajurit munggwing turangga  
mbalasah bosah-basih  
prajurit kang ndharat  
aleksan kasulayah  
amuke bala Serandil  
lali ing gelar  
saking wuruning jurit.
8. Ngiwat-ngiwut sang Raja Suratisda'am  
gada geng ngobrak-abrik  
Prabu Diwangkara  
Tajem lan Raja Ngalam  
kadya anggadani kucing  
lawan camera  
tan bisa memalesi.
9. Pan katutuh prapta tetulung kang putra  
sira prabu Pirngadi  
gajah tigang leksa  
sakethi nitih kuda  
prajurit ing Samiasrawi  
lajeng nembalang  
anggempuraken baris.

10. Kawistara dening Raja Saesalam  
kae sapa kang prapti  
tan ana kang ndharat  
bala kuda dipangga  
tunggul-tunggul denleleti  
banjur umangsah  
kotbuta ing ngajurit.
11. Kadya ngramped-ngramped tegal pajagungan  
prajurit ing Serandil  
angrempak angidak  
ngiles-iles ing aprang  
bingung kuwur pothar-pathir  
wong Jaminambar  
kether denya nadhahi.
12. Karepotan wus sakethi kang mbelasah  
rebah tinumpes tapis  
tiwas pamuking prang  
Sri Suhardi tan bisa  
mbantuwa satus pra aji  
padha nggawaa  
prajurite nyakethi.
13. Urugana pepati iku wong Selan  
kabeh wong Jaminudhik  
satus ratu mangsah  
Sapardan wus parentah  
kumrutug kuwur ngebyuki  
akeh kalenggak  
keneng peputhon mami.
14. Bangun malih aprang rame wurahan  
sang Robbussamawati  
ika mau sapa  
balane rajeng Selan  
Baktiyar matur wotsari

punika putra  
nira nateng Serandil.

15. Sang Aprabu Pirngadi gagah prakosa  
sang rajeng Samasrawi  
agoyang kepala  
sang Prabu Saesalam  
gawok sun wong wetan iki  
padha naracak  
baleg-baleg ing jurit.
16. Sarwi mulat ing ramene kang ayuda  
mbantu kang satus kethi  
katulak kang prapta  
sira Raden Suptandar  
kalawan Raden Dulyanis  
putra kalihnya  
ing Kebar Kangkan nenggih.
17. Mbekta kuda nyakethi masuk ing gelar  
kang Sadisupi Atin  
rajaputra Kangkan  
gelare putra Kebar  
nenggih Sabingupi Atin  
sampun kawratan  
mungsuh kang satus kethi.
18. Pepanthane ngumpul mengsah ngramped mengsah  
bingung wong Jaminudhik  
kawuh mawurahan  
kadya sesapu wudhar  
eca denira ngamuki  
nggempur tumpesan  
prajurit Jaminudhik.
19. Katupiksa malih mring sang Saesalam  
ana kang prapta malih  
tan anganggo ndharat

solaha rikat-rikat  
satunggul upacara sri  
neng luhur kuda  
memper mau kang prapti.

20. Ika apa kang ambingungaken rowang  
Baktiyar awotsari  
rajaputra Kebar  
nama Raden Suptandar  
kalawan Raden Dulyanis  
putra ing Kangkan  
wasis prange turanggi.
21. Gedheg-gedheg sira Pabu Saesalam  
ngatag prajurit malih  
kekalih umangsa  
Raden Sangat lan Sungat  
ambekta bala nyakethi  
tan wonten ndharat  
prajurit Jaminurin.
22. Dadya langkung ramene kang bandayuda  
abangun wanti-wanti  
awor aputeran  
pratiwi kadya belah  
genjot maketuging wukir  
pandhola ngambak  
wuru aworing jurit.
23. Rubuh kabarubuh breg rebahing gajah  
gapruk tibanning bindi  
kumemprang kang pedhang  
ngang-ngeng swaraning panah  
wong Jaminambar kang mati  
aparaneman  
lawan bala Serandil.
24. Telung kethi upama wong Jaminambar

limang leksa Serandil  
pra sentananira  
Lamdahurst wuru ing prang  
kang nitih turangga esthi  
tajem abayak  
kotbuta ing ngajurit.

25. Lawan Prabu Kalbujer tan kena tebah  
lan prabu ing Serandil  
rumeksa ing bala  
pe koleh gelarira  
mungsu kang kaarsa tapis  
akeh kalenggak  
para ratu dipati.
26. Sinamberan python mas lan python waja  
mungsu ing kanan keri  
rebah kasulayah  
saking ing pamukira  
para ratu pra dipati  
satriyanira  
sang prabu ing Serandil.
27. Riwut ing prang siwat-siwuting kalemprak  
kabruk pambeking esthi  
kang kena ing gada  
pejahan ingkang anunggang  
gadanira mobat-mabit  
rinangkep rempak  
sareng pejahireki.
28. Katupiksa saking ing langit kaping pat  
Sang Robbussamawati  
heh Baktiyar sapa  
kang ngamuk bisa aprang  
rame iki lawan wingi  
matur Baktiyar

amung prabu Serandil.

29. Ratu bandha-bandhu asugih santana  
para putra sinekti  
kang wus madeg nata  
sami prawireng laga  
tur sami asugih kanthi  
kuneng kang aprang  
bubar kasaput wengi.
30. Prapta malaekat kang njampangi ing prang  
ngling Robbussamawati  
paran wartanira  
sujud ponang malekat  
tangining sujud wotsari  
pukulun tiwas  
langkung risaking jurit.
31. Sri Narendra Suhardi kasambut ing prang  
status ingkang para ji  
sewu pra dipatya  
pejah dinten punika  
tigang leksa para mantri  
wadyalit kathah  
kethen ingkang ngemasi.
32. Langkung awrat yudane Lamdahur Selan  
balane becik-becik  
asugih sentana  
rumekseng pamukira  
gadane numpes prajurit  
sabongkoting tal  
gilape baskara tis.
33. Sru ngandika mangkono gunane aprang  
iya wong wetan iki  
nanging iku masa  
iya animbangana

lawan kehe wadya mami  
nadyan kalonga  
patang yuta saari.

34. Tan karasa yen mungsuh wong Jaminambar  
antekna iya benjing  
masa karassaa  
sun urugi pepejah  
wus bubar mungguhing langit  
mring bale ngaras  
tan sagung mukarabin.
35. Kawuwusa kang mentas sami ayuda  
sayah tan ana bukti  
wadya Jaminambar  
miwah prajurit Selan  
bubar prang kadya angipi  
anemu gesang  
denya ngungun ing jurit.
36. Pan sadalu dhedhep mungsuh lawan rowang  
ngraosken sayahneki  
ingkang riris prapta  
dalu maruta mandra  
kadya tangise kang bumi  
milu sempelah  
geter pater lan tangis.
37. Kadya tangis ing wengi milu kalesyan  
laweyan akeh prapti  
angokopi erah  
drubiksa saking wana  
pating galidrah kang prapti  
mangsa bebathang  
suka-suka milihi.
38. Miwah baung lodhoh thongsot lawan gidrah  
lodreh lan ulir-ulir

dilep pidhir bangkak  
prapta mangsa bebathang  
kabeh res-resing wanadri  
res-resing arga  
jejurang sami prapti.

39. Pan adalu gumriwis mangsa bebathang  
kumrisik memiliki  
angrogoh jerowan  
nutug sasukanira  
yen meh raina gumriwis  
pating barisat  
wedi mbok ana janmi.
40. Byar raina baris Ngarab atengara  
prandane tan katawis  
kalonging bebathang  
den mangsa ing drubiksa  
saking gunging wong ngemasi  
kang kawuwusa  
baris ingkang lumaris.
41. Sampun budhal saking pasanggrahanira  
gumuruh kang prajurit  
bala ing Ambarjah  
budhal asri kang bala  
ndaledeg datanpa wilis  
kuda dipangga  
senuk memreng karendhi.
42. Bala Jaminambar wus aglar ing papan  
kang saos ing ajurit  
umeb aliweran  
kadya samodra bena  
Raja Robbussamawati  
enjing tumedhak  
lan sagung mukarabin.

43. Wus atata lenggah neng langit kaping pat  
siniwi ing para ji  
kang saos mapag prang  
yudane mungsuh prapta  
balane Raja Bawadi  
prapta malatar  
saupacara asri.
44. Tunggul kalih atus kang mungguh ing ngarsa  
tabah-tabahan wuri  
gumregut kang bala  
kadya andaka singat  
ratune mungguh ing esthi  
palana lawak  
song sawidak angapit.
45. Raja Robbussamawati atetanya  
Baktiyar sapa iki  
ratu ingkang prapta  
matur Patih Baktiyar  
punika Raja Bawadi  
ratu prakosa  
ing Ambarjah kang nagri.
46. Pan punika putrane Raja Badarham  
trahing prawira jurit  
Bawadi prakosa  
sigra Sri Saesalam  
angatag ratu prajurit  
mapagna ing prang  
Raja Guntur wewangi.
47. Ratu Jaminasar rolas ingkang mapag  
bala nyalawe kethi  
kumrab balanira  
kadya hernawa bena  
kang mungging wahana esthi

blegdaba bihal  
senuk kuda karendhi.

48. Kang adharat gumulung tanpa wilangan  
umung kendhang gong beri  
gumuruh kang rusak  
gelarira prit neba  
anggegila amrih miris  
ing mungsu hira  
wus gambuh ing ajurit.

## **12. Balanipun Raja Bawadi campuh lawan balanipun Raja Bragedun**

### **GAMBUH**

1. Kagyat denira ndulu  
rajeng Ambarjah praptaning mungsuh  
sologotho nguthuh wanguning ajurit  
ngurpatinira panganjur  
ingandikan mring sang katong.
2. Rahaden Abardikum  
lawan anane Raden Barjakum  
pan punika rayine Raja Bawadi  
kembar sinatriya bagus  
sami prawireng palugon
3. Raja Bawadi muwus  
yayi Bardikum yayi Barjakum  
wis mangkene tangkebe mungsuhireki  
kang rayi kalih wotsantun  
tinggi makaten tanpandon.
4. Nabda Bawadi Prabu  
padha salina gelar sireku  
amanguna gelar Kamsatupi Atin  
sapantha bae maringsun  
Arbangu kari den pandon.
5. Sun arsa adreng weruh  
marang ratune sang Raja Robbussamawati  
Wal Arli sun balang tulis  
darapon mapaga ingsun  
atandhinga ing palugon.
6. Tur sembah pareng mundur  
anata gelar prajuritipun  
wus arakit nadhahi Kamsupi Atin

kumendhung prajuritipun  
pengkuh tan kena sinorok.

7. Kekalih dhadhanipun  
nenggih sakawan pangawatipun  
ya ta wau waskitha Raja Bawadi  
Saesalam enggenipun  
neng langit kaping pat katon
8. Munggwing langit wus murub  
ngadeg ing luhur palana prabu  
seratira tinalekaken jemparing  
sigra menthang langkapipun  
geret lumepas cumlorot.
9. Ngayuh jemparing muluk  
mring langit mas praptane cumundhuk  
ingampilan pedhange sri narapati  
sumelet suwaranipun  
kagyat andangu sang katong.
10. Pinundhut suratipun  
kumanthil aneng jemparing ngriku  
muni lamun surate Raja Bawadi  
heh Saesalam sireku  
metuwa maring palugon.
11. Supaya nuli tempuh  
sira aprang tandhing lawan ingsun  
ingsun rajeng Ambarjah Raja Bawadi  
bisa sun mocok murdamu  
aneng madyane palugon.
12. Iki prajurit punjul  
ratu bang wetan kasusra wudhu  
pan andele Wong Agung Surayengbumi  
sira ngaku Sang Hyang Agung  
payo prang nuli sun pothol.

13. Iya utamanggamu  
langkung bramantya dening srat iku  
gro mawengis sira Robbussamawati  
ngatag prajurit kang mbantu  
Raja Bragedun prang tanggon.
14. Prakosa gung aluhur  
tate anguwisi ing prang pupuh  
yeku gegolongan malekat Ngijrail  
balane kabeh dibyanung  
sayuta pilihan kaot.
15. Heh ta Raja Bragedun  
ge pocoken ndhas wong Ngarab iku  
kang apeksa lancang si Raja Bawadi  
tur sembah sigra amundur  
Bragedun wus medhun anjog.
16. Panggih lan balanipun  
tengara muntab prajuritipun  
wadya Jaminukar tengara gong beri  
mbantu mring sang Raja Guntur  
kang wus rame prang rerempon.
17. Yudane Raja Guntur  
prajuritira ing prang kawangsul  
prajurite Ambarjah bakuh ngukuhi  
ingukih-ukih abakuh  
baris tan kena cinorok.
18. Dadya rame prangipun  
katutuh praptane Sri Bragedun  
nggora godha prajurite denabani  
angidak anunjang purun  
gumrah umangsah kumroyok.
19. Kang pra dipatyanipun  
satriyanira Raja Bragedun

lir andaka sakethi atawan kanin  
prajurit Ambarjah gapyuk  
angrok tan kena sinorok.

20. Caruk pupuh pinupuh  
lir riris panah pating palecut  
ramening prang pepati tumpang atindhih  
kang ngukih ingidak purun  
ingkang denukih atanggon.
21. Ing wuri kadya layung  
prajuritira Raja Bragedun  
miwah Raja Guntur sami angawaki  
ambyuk kadya prawata rug  
alun dres gumulung golong.
22. Wau ta kang cinatur  
Raja Bawadi prajurit punjul  
apan darbe kaluwihaning ngajurit  
kang aneh lan para ratu  
nguculken panah saendhong.
23. Lepasira maledug  
sumawure anibani mungsuh  
wus aewon prameya ingkang ngemasi  
saendhong malih sumusul  
wuri malih pitung endhong.
24. Sepuluh endhong nusul  
rong puluh endhong nulya tumutur  
pan wus ewon tibane apindha riris  
akeh prajurit kacundhuk  
babar ji jemparing ampoh.
25. Kaluluh akeh lampus  
kesisan bala Raja Bragedun  
mungging liman angegla ageng ainggil  
neregken dipangganipun  
mangsa ngungkurken punang wong.

### **13. Raja Bawadi kapupuh ing prang**

#### **PANGKUR**

1. Ing paprangan apuyengan  
sira Raja Bragedun ngamuk ngungkikh  
mobat-mabit gadanipun  
keh rebah kasulayah  
Raja Guntur kang ngimpun bala neng pungkur  
wau satriya Ngambarjah  
Radyan Bardikum nadhahi.
2. Surake prajuritira  
wus apanggih cundhuk yun-yunan jurit  
anggada Raja Bragedun  
datan mawi atanya  
ngrusak tata ing prange satriya ratu  
Raden Bardikum ginada  
sepisan kuwat nadhahi.
3. Ginada ping kalih pejah  
katingalan dening Raja Bawadi  
geret menthang langkapipun  
silak tan tambuh ing prang  
linepasan jemparingira cumunchuk  
Bragedun janggane pagas  
tibeng palana gumlinting.
4. Tedhak saking ing dipangga  
anginggahi Bragedun ingkang esthi  
cinandhak mastakanipun  
nyandhak panah dor sigra  
kang kinarya mbuwang murda Raja Brandun  
mumbul angayuh gegana  
pinrih tibaa ing langit.
5. Langite wong Jaminambar  
kang langit mas nggen Robbussamawati

gumebrag sirah Bragedun  
anibani dhadharan  
kapalesat tibeng doh kendhi jumerut  
utamangga kawistara  
Bragedun sirahireki.

6. Eram denira tumingal  
goyang muka Sri Robbussamawati  
Wal Arli sugal umuwus  
mring lurah malaekat  
Jabarail Mikail Israpil iku  
Ngijrail ingkang kinarya  
pra samya ratu linuwih.
7. Raja Makrub nya ingatag  
kang kinarya malaekat Mikail  
status kethi balanipun  
kang wus saos ing ngandhap  
kang andherek saking langit tedhakipun  
pra dipati kang kinarya  
Mukarabira Ngijrail.
8. Sakethi sareng udhunnya  
saking langit kaping pat andalidir  
Mikail sang Raja Makrub  
sapraptanireng ngandhap  
atengara wus nitih dipangganipun  
gada wrat sewu kati mas  
tinon tuhu angajrihi.
9. Muntab balane wurahan  
anadhahi pamuk Raja Bawadi  
kang wus pejah Raja Guntur  
lan ratu tigang dasa  
dene Raja Bawadi yudane ampuh  
kang ambuncangaken murda  
tinibakaken ing langit.

10. Tiba neng langit kaping pat  
dukanira sang Robbussamawati  
wau balanira Makrub  
kadya robing samodra  
ambalabar lir alun ngrana gumulung  
tempuh ngurugan bebathang  
balane Raja Bawadi.
11. Riwut ngurugan bebathang  
Raja Makrub Mikail angawaki  
lir yaksendra krodhanipun  
rusak bala Ngambarjah  
sira Raja Bawadi asta wus kiyu  
sadina denya memanah  
keh ratu ingkang ngemasi.
12. Tabuh pat ing angkatira  
Raja Makrub Malaikat Mikail  
Raja Bawadi wus lesu  
miwah prajuritira  
ingurugan pepati para ratwagung  
Raja Barjakum palastra  
arine Raja Bawadi.
13. Tumpes prajurit Ngambarjah  
duk samana tempuh Raja Bawadi  
lan Mikail Raja Makrub  
rame gada-ginada  
sira Raja Bawadi wus ngajalipun  
pejah dening gadanira  
Makrub Malekat Mikail.
14. Meh suruping diwangkara  
wong Ngambarjah sakarine kang mati  
makuwon ngaturi weruh  
marang sang rajeng Selan  
tuwin marang nateng Kohkarib puniku

pra sami ngungun ing driya  
nateng Selan lan Kohkarib.

15. Kang kari satriyanira  
bupatine nunggil pakuwon sami  
lawan sang Prabu Lamdaheur  
sampun atur uninga  
dutanira sareng lumampah ing dalu  
mring gusti atur uninga  
Wong Agung Surayengbumi.
16. Wau ta sabubarira  
saking aprang Raja Makrub Mikail  
lajeng mring langit ping catur  
prapta ing ngarsanira  
Raja Robbussamawati suka ngguguk  
miyarsa ing aturira  
Makrub malekat Mikail.
17. Pejahe nateng Ambarjah  
lajeng minum Sri Robbussamawati  
lan sagung malekatipun  
ingkang sami mukarab  
pan sadalu tan minggah langit kapitu  
tan kondur ing Bale Ngaras  
Raja Robbussamawati.
18. Dening langkung truslheng driya  
salamine aprang lagya puniki  
antuk pepati ratwagung  
andel ratu Kuparman  
mila kadi wong kaul sapolahipun  
langkugn dening kapracaya  
Makrub Malekat Mikail.
19. Kuneng wau kawarnaa  
dutanira nateng Selan Kohkarib  
prapta ing pakuwonipun

Wong Agung Parangteja  
serat katur lajeng binekta malebu  
langkung gepah lebetira  
tinampan suratirekti.

20. Binuka langkung ngungunnya  
sru ngandika ri sang Surayengbumi  
yayi kayaparan iku  
prange wong Jaminambar  
yen mangkono para ratu kang panganjur  
rangkepa barise padha  
aja na ijen lumaris.
21. Kena tulung-tinulungan  
nuju ingkang munggwing ngarsanira Mir  
Raja Salsal nembah matur  
amba ing benjang-enjang  
nuwun inggih kedah lumampah rumuhun  
Raja Sembaji Kubarya  
tumut umatur ing gusti.
22. Kawula anuwun lilah  
saha idi amba kedah rumiyin  
sareng lan ari pukulun  
sang Nateng Kalakodrat  
wus linilan kalih kang kedah rumuhun  
iya sun kon tumingala  
yayi Prabu Burudangin.
23. Manawa sira kabotan  
yayi prabu enggala anulungi  
tur sembah kuneng ing dalu  
enjing sigra tengara  
Wong Agung ing Parangteja wus anuduh  
ngendelken ratu pangarsa  
kendel arsa ngusap weni.

## **14. Prabu Robbussamawati gumun kathahing bala Kuparman**

### **S I N O M**

1. Ya ta prabu Jaminambar  
Raja Robbussamawati  
wus munggwing langit kaping pat  
kang aneng ngarsa narpati  
para malekat sami  
kang mukarab munggwing ngayun  
Raja Makrub turira  
ingkang minangka Mikail  
lawan Raja Duljalal Ngijrailira
2. Kekalih sujud ing ngarsa  
tagine sujud turnyaris  
pukulun Sang Hyang Wisesa  
kang agung kang maha luwih  
amba amatur ing gusti  
prekawis mengsa pukulun  
yen suwawi ing karsa  
inggih sampun den karenthil  
saben ratu prapta pinaguta ing prang.
3. Punika suka kang mengsa  
lamun pinethuk prang icir  
lowung angantos praptanya  
yen sampun sadaya prapti  
nunten tinumpes aglis  
agampil sampun anglumpuk  
boten atundha bema  
tumpese pating karenthil  
angandika sru sang Raja Saesalam.
4. Iya bener aturira  
yen mangkono Jabarail

**mudhuna parentahana**  
sakehe para narpati  
aja na magut jurit  
ingunen pepeking mungsuh  
yen wus prapta sadaya  
anulya denparentahi  
aja kongsi cicir tumpesa sadaya.

5. **Sigra wotsari tumedhak**  
kang minangka Jabarail  
sapraptanira ing ngandhap  
oreg kang para narpati  
dhawuh ing kang para ji  
timbalanira Hyang Agung  
kendel yen ana prapta  
nora pinagut ing jurit  
sampun munggah Jabrail prapteng ngayunan.
6. **Katur solahe dinuta**  
marang Robbussamawati  
kuneng gantya kawuwusa  
gegaman Ngarab kang prapti  
tunggul samas kaeksi  
lan daludag kalih atus  
kang mbekta kulambi mas  
kuluk karawistha rukmi  
pan sadaya prajurit anith singa.
7. **Daludag tunggul bandera**  
ingkang nitih macan putih  
sadaya macan walaka  
kethen kang para prajurit  
tan ana liya nitih  
mung singa titihanipun  
asri busaneng wadya  
mrawata sewu kabasmi  
kadya guntur swareng wong panggroning macan.

8. Nitih macan saturangga  
sang Raja Salsal prajurit  
arja songsong pitung dasa  
gumrah wadya magersari  
upacara tulyasri  
tabah-tabah aneng pungkur  
sira Patih Baktyiar  
cinelakaken ing ngarsi  
atetanya Robbussamawati Raja.
9. Heh Baktiya riku sapa  
narendra kang lagya prapti  
aneh sugih temen macan  
apa si Surayengbumi  
Baktyiar awotsari  
dede punika pukulun  
ratu ing Kalakodrat  
ingaken sudarawedi  
Raja Salsal atmajane Raja Daldal.
10. Eram agoyang kepala  
Raja Robbussamawati  
alon denira ngandika  
mring malaekat Jabrail  
ing Kalakodrat iki  
bumi wewates puniku  
wetane bumi Ngrokam  
sakulon Kalakodrati  
sayektine jajahane Jaminambar.
11. Mangetane marang Ngarab  
lan marene adoh ngendi  
kang maring ing Kalakodrat  
matur nembah Jabarail  
tebih mangetan gusti  
tikel tiga tebihipun  
saking kitha Kuparman

lan mariki tikel kalih  
tanah Ngarab lan mariki tikel tiga.

12. Yen mangkono ratu ala  
Salsal Kalakodrat iki  
ambalik milu mangetan  
benere miluweng mami  
ukumen yen ajurit  
sesempalen haunipun  
balik mada kawongan  
sesempalen badaneki  
sami nembah sadaya para malekat.
13. Nulya malih katingalan  
dedamel Kudarya prapti  
tunggul kalih atus ngarsa  
daludag awarni-warni  
lelayu tinon asri  
prajurit wahananipun  
samya bantheng sadaya  
balane Raja Sambaji  
pan akethen sadaya nitih andaka.
14. Gumregut tingkahing bala  
balane Raja Sambaji  
sang nata nitih andaka  
wulung mulus tanpa ciri  
ageng saengga esthi  
**singat kinathok mas murub**  
sinotya ing herkilat  
bolu sarante sinungging  
nenetrane mirah jumerut winarna.
15. Sinuji lawan herkembang  
mutyara nila widuri  
sinongsongan sungsun tiga  
gumebyar angilat thathit  
atap kang magersari

asri upacaranipun  
asongsong pitung dasa  
mulat Robbussawawati  
heh Baktiyar sapa ratu ingkang prapta.

16. Umatur Patih Baktiyar  
punika Raja Sambaji  
sri naranata Kubarya  
punika prawireng jurit  
mila sagung prajurit  
kang wonten sami panganjur  
sadaya pepilihan  
uwos kang para narpati  
sawusira ing wuri wonten katingal.
17. Tunggul patang atus ngarsa  
daludag rong atus wuri  
lelayu rontek kekandha  
wolung atus munggwing wuri  
bendera warni-warni  
kang mandhi prajuritipun  
anitih blegdaba  
bihal senuk memreng lan karendhi  
mancawarna tulsysa sri gegamanira
18. Prajurit kang tetopenge mas  
akarawistha sakethi  
abate-bate rinengga  
ing mas mutyara sinuji  
satrepé mas winardi  
nyote magribi pedhang Rum  
sadaya nitih macan  
padha kondhe kang prajurit  
patang kethi busanane warna-warna.
19. Tepung bala ngupacara  
selur kang pepandhen asri  
sadaya pan sinongsongan

lir panjrahing pusrita sri  
kadya wukir kabesmi  
prajurit kang munggwing ngayun  
nyuremi diwangkara  
sang Prabu Ngrum Burudangin  
pan anitih gregobel pinancawarna.

20. Wuri pra dipatinira  
sakethi wahana esthi  
sang Pabu Tasangsul Ngalam  
tuhu dhapeure respati  
rinenggeng busanadi  
gebyare cahya ngenguwung  
Sri Maha Saesalam  
Sultan Robbussamawati  
duk miyarsa tetanya marang Baktiyar.
21. Heh Baktiyar ika baya  
Wong Agung Surayengbumi  
beda lawan para nata  
apa tunggangane iki  
Baktiyar awotsari  
dede punika pukulun  
Prabu Tasangsul Ngalam  
narpati ing Burudangin  
pan kaipe dhateng sang Surayengjagad.
22. Punika ratu gegala  
mangka manggalaning jurit  
dibya prawira digdaya  
nampuni putus ing jurit  
endele pan nguwisi  
ing pakewuh boyo ewuh  
titihane punika  
gregabel buron jaladri  
langkung ampuh singa kang ginepok basah.
23. Ngungun agoyang kepala

Raja Robbussamawati  
kaliwat sugihe bala  
apa nimbangi ing mami  
dene tan karya langit  
gawe malekat kadyengsun  
iki cubluke baya  
atine cilik samenir  
kekulake atine wong Jaminambar.

24. Lamun nora mangkonoa  
tan awelas badaneki  
pasthi kacakup deningwang  
ya saking cublukireki  
eling-eling den eling  
heh Kelana Jayengsatru  
manawa gelem sira  
angur sebaa ing mami  
sayektine wurung sirna kanakeng prang.

## 15. Prabu Kewusnendar ngedali prang

### PANGKUR

1. Narpati katiga samya  
wus makuwon saha wadya prajurit  
anedah utusan sampun  
ingkang atur uninga  
mlampah rikat ing marga datan winuwus  
katur ing saaturira  
ing Gusti Surayengbumi.
2. Yen prajurit Jaminambar  
salin lagu mantun magut ing jurit  
dedamel kang lagya rawuh  
kinendelan kewala  
inggih sami eca denira ndedulu  
wonten ing langit kaping pat  
Raja Robbussamawati.
3. Suka Wong Agung miyarsa  
tan kawarneng dalu wuwusen enjing  
tengara kang munggeng ngayun  
 gegaman ing Yujana  
trigumuruh pangkat-pangkat para ratu  
balanira Kewusnendar  
tanpa wilangan prajurit.
4. Wau nateng Jaminambar  
munggwing langit kaping pat neningali  
lan Malekat Mukaribun  
andangu mring Baktiyar  
ingkang prapta gegamaning para ratu  
heh Baktiyar ika sapa  
para raja akeh prapti
5. Tur sembah Patih Baktiyar  
para ratu Yujana ingkang prapti

Kewusnendar balanipun  
pra ratu kathah manca  
pan sadaya para ratu sureng prang pupuh  
Kewusnendar pan ingangkat  
sudara andeling jurit.

6. Nulya wonten katingalan  
tunggul lawan daledag tinon asri  
bandera lawan lelayu  
abra aneka warna  
ing wurine prajurit topeng mas murub  
samya bebadhong peremas  
sadaya nitih jenggiri.
7. Kadya ima ngemu bintang  
lamat-lamat tinon pating parelik  
mencorong pating pelancur  
kumlab pating galebyar  
sayeng perak sadaya gegamanipun  
prajurit kang seseliran  
pra samya nitih jenggiri.
8. Ing mangke sampun warata  
saking nagri Dhayak witing wiwinih  
Raden Kodrat Samadikun  
punika kang ngupaya  
mangkya sampun baranah kang para ratu  
nanging prajurit Yujana  
kang samya sinungan urdi.
9. Kang liya bala Yujana  
amung ratu lawan satriya keni  
wau ta prajuritipun  
sang prabu ing Yujana  
wus kawruhan tinanya sadayanipun  
dening Mraja Saesalam  
Raja Robbussamawati.

10. Prapta bala ngupacara  
awor lawan ampihan warni-warni  
sagung gegaman prang pupuh  
kang ngagem sinongsongan  
sawarnine sami songsong pitung puluh  
sang Aprabu Kewusnendar  
kinalang wong magersari.
11. Anitih dipangga seta  
pinelanan ing mas murub tulya sri  
taritip nila jumerut  
pakaja nawa retna  
asri tinon palana lawak bra murub  
sinongsongan salawe prah  
Sri Kewusnendar neng esthi.
12. Angedhangkrang kinebutan  
makuthadi winardi binuka sri  
kagyat Saesalam ndulu  
Baktiyar ika sapa  
dene ladak respati ratu kang rawuh  
angluwili para nata  
baya si Surayengbumi.
13. Pan iki pantes prawira  
sabalane rikat-rikat ngajrihi  
magersari bra murub  
Baktiyar matur nembah  
ngnih punika ratu andel kang gegedhug  
ing Yujana Kewusnendar  
ingaken sudarawedi
14. Pan inggih ratu punika  
sakalangkung prakosa ing ngajurit  
tate mbanda para ratu  
ingkang gagah prakosa  
Kewusnendar tuhu prakosa dibyanung

putrane kumala-kala  
tate amungkasi kardi

15. Raden Kahar Kusmen nama  
ngambil siwi mring sang Surayengbumi  
pan pinutra-putra danu  
sinami putranira  
dening timur kayungyun prawireng pupuh  
miyarsa goyang kepala  
Raja Robbussamawati
16. Nulya malih katingalan  
pira-pira tunggul daludag asri  
rontek kekandha lelayu  
umyang prajuritira  
upacara magersari abra murub  
prajurit tan ana ndharat  
turangga peperang sami.
17. Kekalih bayak ajajar  
turanggane pan kadya denpasangi  
Saesalam kaget ndulu  
Baktyiar iku sapa  
apan kembar agagah prakosa bagus  
punika sasat sentana  
kang wastu awor memanis.

## 16. Prajuritipun Wong Agung ingkang kantun sami nusul

### DHANDHANGGULA

1. Nateng yunan punika kekalih  
kakang adhi samya karsanira  
ing yuda wrat sesanggine  
srинг dados wakilipun  
bedhahipun nagri Kuwari  
inggih saking punika  
katḥah kitha gempur  
dening sang prabu ing Yunan  
yen angamuk  
wong siji den byuk sakethi  
ingkang sakethi curna.
2. Gedheg-gedheg Robbussamawati  
mendah aja mungsuh lawanwang  
wong Ngarab pilih tandhinge  
ratu ngalam donyeku  
pranga lan si Surayengbumi  
apa ginawe mapag  
sugih bala ratu  
siji tan ana kang kompra  
becik-becik lajeng angidung parasi  
Sri Maha Saesalam.
3. Ing artine kidunge sang aji  
iki wuwuhe kamulyaningwang  
kaluhuraningsun kiye  
sun cipta slamanipun  
sapa ingkang kauban langit  
nora seba maringwang  
kena ukumipun  
iki wus lega tyasingwang  
pan wong Ngarab praptane sandi ajurit  
batine asrah badan.

4. Nulya wonten katingalan malih  
kadi saban rakiting gegaman  
miwah saupacarane  
lan magersarinipun  
, tinakenan rajeng Kuwari  
apan sadina-dina  
denira ndedulu  
praptane gegaman Ngarab  
sore kondur rinane miranti malih  
munggwing langit kaping pat.
5. Salamine Robbussamawati  
neningali kongsi kalih wulan  
ing wadya Ngarab praptane  
sagunge para ratu  
wadyanira sang Jayengbumi  
kang datan ginawa prang  
kantun prajanipun  
pan sami nusul sadaya  
amiyarsi mengsahe gustinireki  
ratu angaku Allah.
6. Karya langit lan malekat kardi  
mila kayungyun kedah uninga  
para ratu panusule  
miwah ratu kang tunggu  
ing Kuparman anusul sami  
marma kadya samodra  
bala gung gumuruh  
bentet tanah Jaminambar  
ing balane Wong Agung Surayengbumi  
lir pasang<sup>ing</sup> samodra.
7. Saben para ratu ingkang prapti  
andel-andel Yusup Adi Kebar  
Sadat Kadarisman dene  
Ngabesi sang aprabu

Darundiya narpati Bangit  
lan ratu balanira  
Pangran Suwangseku  
nateng Kubarsi lan Kelan  
duk langkunge Raja Robbussamawati  
mulat goyang kepala.

8. Lan balane nateng Parangakik  
miwah Sultan Anom ing Karsinah  
miwah Pirngadi balane  
kathah kang para ratu  
agung-agung ratu prajurit  
para ratu kang bala  
ingkang wus jinunjung  
nyakrawati binathara  
Atasaji lan nateng Kaos nagari  
kang sami ratu wayah.
9. Sami sugih bala kang para ji  
mila agung agoyang kepala  
Robbussamawati dene  
sugihe para ratu  
sarwi ngidung parasi angling  
pan ingsun luwih begja  
dening para ratu  
kang prapta saparoning rat  
wong bang wetan balane Surayengbumi  
yektine kabeh lapgang.
10. Sarwi musus astanira kering  
mijil pawaka akantar-kantar  
giyak kabeh malekate  
umatur sarwi sujud  
estu sabdanira Hyang Widdhi  
wong wetan yen banggaa  
yekti dadi awu  
inggih praptane punika

sandi aprang batine saestu ngabdi  
ing gusti maha mulya.

11. Pra malekat sawusira tangi  
saking sujud nulya surak-surak  
Baktiyar njawil kancane  
balane Raja Makrub  
iya ingkang mangka Mikail  
Baktiyar wus kaparak  
kang wus pakat wuwus  
nenggih malekat kebayan  
Mikail lan malekat sara ing nguni  
pan Nata Raja Pathal.
12. Ki Baktiyar pan aris mbebisik  
yayi Pathal puniku Hyang Suksma  
Saesalam mijilake  
pangeram-eram tuhu  
agni saking astanireki  
boya dadi punapa  
manira atutur  
balane geni wong Ngarab  
yen ngarsakna yekti ngebeki wi�ati  
tan katon kang anggawa.
13. Titibna maring mungsuh besmi  
nanging geni tan ginawe aprang  
mung kalangenan gawene  
punika sang Arobbus  
astanira kang metu geni  
amung geni sapala  
masa dadi batur  
Raja Pathal malaekat  
sarwi njomblong alon denira nauri  
marang Patih Baktiyar.
14. Yen makaten kakang mila wani

anglurugi kitha Jaminambar  
dene ta akeh genine  
ratu wetan puniku  
pan Wong Agung Surayengbumi  
pilihing tyas kaduga  
mring pangeraningsun  
kang agung kang maha mulya  
kang misesa ing rat Robbussamawati  
Hyang Widi Jaminambar.

15. Boten eca raose puniku  
ngalamate para ratu Ngarab  
kang sami dhingin praptane  
pinapag ing prang pupuh  
boten kawon malah wong ngriki  
inggih sami kasoran  
ratu keh kapupu  
pepatine pira-pira  
pang wong wetan kakang pepatine kedhik  
jitus pan boten timbang.
16. Raja Pathal wau denirangling  
anauri Kya Patih Baktyiar  
yayi Pathal sira kiye  
mbebisik lawan ingsun  
Saesalam nora udani  
dene angaku Allah  
yen mungguha iku  
Wong Agung Surayengjagad  
sakathahe wadiyane ingkang anangkil  
osiking tyas mangkana.
17. Nora samar kawruhan ing batin  
iku Wong Agung dibya waspada  
ing lahir batin tan kenten  
mangkono wong pinunjul  
bisa nukma ing agal-alit

ratu ing Jaminambar  
buteng kumalungkung  
denrasani marang bala  
neng ngarepe prandene nora udani  
kudu angaku Allah.

18. Pan kasaru gegaman kang prapti  
bala gumuruh asurak-surak  
bangkilung rame gendhinge  
gumuntur-guntur ketug  
prajurite awarni-warni  
kang anitih blegdaba  
bihal memreng senuk  
gumebyar dening baskara  
lir manaput wangkawa menuhi bumi  
busana bra gumebyar.
19. Bala bacingah upacara sri  
dangu mulat Prabu Saesalam  
ratune baya esthine  
sangkep pacareng ngayun  
kang gada geng angapit-apit  
neng luhuring palana  
lelawak bra murub  
rinengga kinuswa ing mas  
atetanya Raja Robbussamawati  
Baktiyar ika sapa.
20. Dene pantes solahe wong iki  
luwih lawan para ratu kathah  
Baktiyar alon ature  
pan punika pukulun  
sang Aprabu Mutadarawi  
lawan nateng Talsiyah  
kalih ratu agung  
prakosa bebala raja  
widigdaya awrat sinandhang ing jurit

tate mungkasi karya.

21. Raja Lamdahur ingkang sesiwi  
kalihira sami putreng Selan  
ratu moncol prawirane  
sami ingambil sunu  
mring Wong Agung Surayengbumi  
mila kinarya raja  
madeg ratu agung  
Banarungsit ing ngalaga  
ingkang enim binathara Sri Pirngadi  
Mupadarawi praja.
22. Duk praptane kang rama rumiyin  
Sri Lamdahur manganjuri lampah  
ratu kalih samya ndherek  
anamur tumut ngamuk  
mbekta bala kuda sakethi  
mila Lamdahur awrat  
pagute rumuhun mbantoni prange kang rama  
wusnya mbantu mundur malih anindhijihi  
ing wadya balanira.
23. Goyang murda Robbussamawati  
wonten malih ratu ingkang prapta  
asri tinon gegamane  
abra daludag tunggul  
benderane awarni-warni  
busananing prawira  
mrawata katunu  
lir wana kakembang-kembang  
upacara lir panjrahing pusrita sri  
nyuremken diwangkara.
24. Ratu katri sareng lampahneki  
kanan kering kang nitih dipangga  
ing tengah jempanane

magersari kumrutug  
sinongsongan pan satus sisih  
ampilan warna-warna  
tetanya sang prabu  
heh Baktiyar ika sapa  
ratu katri munggwing jempane sawiji  
roro aneng dipangga.

25. Awotsari Baktiyar turnyaris  
inggih Sayid Ibnu Ngumar Raja  
ing Kaos geng karatone  
punika wayahipun  
mring Wong Agung Surayengbumi  
Maryunani peputra  
kang satunggilipun  
nama Prabu Ngumar Kraban  
ratu agung atmajane Maryunani  
dene kang jinempana.
26. Ing jempana kang linawak rukmi  
nenggih sang Prabu Arismunandar  
sri bupati Betartine  
punika ingkang buyut  
rajeng Kaos ingkang sesiwi  
Sri Sayid Ibnu Ngumar  
pan patutanipun  
putrine Tasangsul Ngalam  
putri adi saking nagri Burudangan  
prawira mandraguna.
27. Goyang murda Robbussamawati  
**Patih Baktiyar Ian Raja Pathal**  
tumungkul aris grundele  
apa ta nora ngelu  
gedheg-gedheg ing saben ari  
nauri Raja Pathal  
katemben andulu

wadyagung rempek tatanya  
angluwihi wong Arab raking baris  
milane kagawokan.

28. Sami-sami kathah wadyaneki  
wong Jaminambar resah barisnya  
pened wong Ngarab pasange  
ing ngriki ratu agung  
dene kudu ngaku Hyang Widdhi  
